# Sei?

Manheru akanaka, shamwari. Mukana mukuru chaizvo kuva pano manheru ano uye, chinhu chimwe, kudzoka muArkansas, uye, chimwezve chinhu, kuva panzvimbo yemisasa. Ndinotenda kuti ino ndiyo misangano yangu yekutanga yemumusasa yandapinda mairi kwenguva yakareba. Zvino ndakava nekokero yekuuya, ndo—ndokutanga nemi. Uye ndanzwa, kubva pandangopinda, kuti manga muchiva nenguva yakanaka pano pamusangano uno. Ndinotenda zvikuru nekuda kwazvo.

2 Uye, ini, ndichikwidza nemugwagwa, nguva shoma yapfuura, nemwanakomana wangu, zvino tanga tichitaura nezvemakore akapfuura pandakatanga kuuya kuno kuArkansas, yaive misangano yangu yekutanga. Pandakatanga, kwaive kuArkansas, nemhando yemisangano yekuvhangera, zvakadaro. Zvino kubva ipapo, ndakatenderera pasi rose ka 7, uye zvino ndadzoka kuArkansas. Zvakafanana nemari yakasakara, inogara ichidzoka. Ndine, kwese kwandakambove, ndinofunga, muUnited States, ndakabvunza kuti, "Pane vanhu here pano vanobva kuArkansas?" Ndakagara ndiine shamwari dzinobva kuArkansas, potse kwese zvako. Uye ndakagara ndichiti: mimwe yemwoyo yechokwadi chaizvo, ndinotenda, yati yamborova, iri pasi pemashati ebhuruu ekare iwayo muno muArkansas. Vanhu vakanaka chaizvo! Ndinokudai.

3 Uye ndi—ndinotenda Mwari nemukana wekudzokazve, manheru ano, muArkansas, kuti ndive pano nemi. Saka ndinofunga kuti tine husiku 3 bedzi hwasara mukonivhenisheni yacho, uye nekuva nemukana wekuuya muno kuti ndiratidze rudo rwangu kuna Jesu Kristu, uye nekuzova nekuyanana nemi vanhu neboka redu rakanaka rehama pano, avo, vazhinji vavo handivazive. Ndangotarisa kwese-kwese ndikabva ndaona mumwe wandinoziva, Hama Jack Moore, ndangokaruka ndadaro, naHanzvadzi Moore, zvaitika kuti ndavaziva ipapo. Uye zvirokwazvo tinofara kuva muno.

4 Zvino, ndinoziva, zuva rose munofanira kunge maneta, munoziva, kuneta panyama. Hatife takawana zvizere zveku. . . kuneta tichirumbidza nekuropafadza Mwari, nekuda kwekunaka kwaVo, kuti Vanoshamisa zvikuru. Uye, asi, zuva rose, uyezve kana nguva yehusiku yasvika, ipapo ndipo pandapinda. Uye ndakaita semumwe wevashumiri vaya vakapihwa pfungwa yekutaura kwenguva refu. Asi handifunge kuti tichazviita zvino, nekuda kwekumanikidzwa uku kuri mukonivhenisheni. Manzwa vatauri vakuru, pasina kupokana, muzuva rose uye nemukonivhenisheni. Uye zvakare kuzomira

pano papuratifomu, handiti, pamberi pevatauri vose ava vakanaka, kuti, ndinonzwa kuva mudiki kwazvo, kumira pano.

5 Mumwe wevashumiri wandangokwazisana maoko naye, andiudza kuti iyi ndiyo shumiro yenyu yekutanga kuita mutabhenakeri ino, ndingaidana kudaro; Handizivi chaizvoizvo zviri, temberi ino kana chero zvairi. Uye zvirokwazvo tino—tinotenda zvakare nemukana wekuuya muchechi itsva, chimwe chinhu chakavakirwa kurumbidzo nerukudzo rwaMwari. Zvakaisvonaka zvikuru!

6 Uye tinongodzoserwa kumashure, kana kuti kwete kudzoserwa kumashure. . . Ndichangodzoka kubva ku. . . kuzororo rechikoro revana. Tinogara kuTucson, Arizona, zvino. Uye kwanga kuchipisa zvakanyanya kunze uko, asi tinoona kuti kunototi pisei zvishoma kuno kumba kupfuura zvazvanga zviri kunze uko, nekuda kwehunyoro hwakanyanya. Uye zvinoita sekutiwotesa, mushure mekunge tajaira mhepo yeko.

7 Takasvika kumba tikava neshumiro yekutanga Svondo yapfuura, uye takaona Ishe Jesu vachienderera mberi nebasa raVo guru rerudo nesimba pakati pevanhu. Uye Evhangeri imwe cheteyo yandakakuparidzirai makore 15 akapfuura, muno muArkansas, ndichiri kutenda chinhu chimwe chete. Ingoregai kuIshandura. NdiKristu.

8 Svondo paiva nechimwe chinhu chakaitika pachechi. Zvakangoitika kuti ndakatarisa-tarisa ndikaona murume uyo chi—chishamiso chakaitwa paari.

9 Cherechedzai, tose tinoda kuganza na—naIshe Jesu. Ti—tinoda kudaro. Ndakava nemumwe mudzimai pane imwe nguva akandiudza, akati ndiyo mhosva yoga yaaigona kuwana paneni, "ndinoganza zvakanyanyisa pamusoro paJesu." Ndikati, "Ndichaenda Kudenga zvechokwadi kana kuri iko kukanganisa kwega kwandakaita, ndichiganza naJesu." Uye saka iye—iye haana kungofunga kuti Aiva Mwari. Akaedza kutaura kuti Aingovawo munhu uye namuzvina zivo, kana muporofita, kana chimwe chinhu chakada kudaro. Asi ndakati Aiva Mwari. Uye saka isu. . .

Iye ndokuti, "Ndinogona kukuratidzai kuti Akanga asiri Mwari."

Ini ndikati, "Oo, handitendi kuti unogona kuita izvozvo."

Akati, "Oo, ndinogona kuratidza kuti Aingovawo munhu."

10 Ndakati, "Zvino, ndinobvuma kuti Aive munhu, asi Aive zvose munhu naMwari."

Akati, "Haaigona kuva Mwari."

Zvino ndikati, "Oo, Aiva Mwari, uye iYe ndiMwari."

11 Akati, "Oo, haAigona kuva akadaro." Akati, "Ndichazviratidza neBhaibheri renyu pachenyu."

Ndikati, “Zvakanaka.”

12 Zvino akati, “Pana Mutsvene Johane chitsauko 11, munzira achienda zasi kuguva raRazaro, Bhaibheri rakati, ‘Jesu akachema.’”

Ndikati, “Saka, zvinei nechekuita nazvo?”

13 Akati, “Asika, kana iYe—kana Akachema, zvinoratidza kuti haAsi Mwari.”

14 Ndikati, “Amai, nharo dzenyu dzakatetepa kupfuura muto wakagadzirwa nemumvuri wehuku yakafa nenzara.” Ndikati, “Munoziva zviri nani kupfuura izvozvo.” Ndikati, “Akanga ari—Akanga ari munhu paAienda kuguva raRazaro, achichema, ndizvozvo. Asi paAkatwasanudza mapendekete aKe madiki, uye akati, ‘Razaro, buda,’ zvino murume akanga afa kwemazuva 4 akamira netsoka dzake akararama zvakare, zvino akanga apfuura kuva ari munhu, aigona kuita izvozvo.” Ndichiri kuMutenda kuva izvozvo.

15 Svondo, ndichiri kutaura, isu. . . Ndaikumbira vanhu kuti vatendeuke mutabhenakeri uye vokwazisana maoko. Zvino pakanga paine sha—shamwari inodikanwa, ndichangova kudzidza kuida. Akangopinda muchechi, iye nemudzimai wake. Mudzimai wake mukoti ane magwaro. Uye iye pachake murume weChirungu. Mudzimai muNorwegian. Kuti zvakamboitika sei, handizive. Asi—asi, zvisinei, vari vaviri vanhu vakanaka. Uye hama iyi—iyi yakava nechimwe chinhu chisina kumira zvakanaka, chakaita sekudaro mumoyo mayo. Uye murume Mukristu akanaka kwazvo, uye murume akatesva njere, zvakare, anoita basa risinei nokunamata remaakaundendi nezvimwewo. Zvino akatendeuka, uye, paakadaro, akabatwa nekukomoka kwemwoyo, ndokuwira pasi, afa.

16 Zvino mudzimai wake, ari mukoti, akamubata nekukurumidza, ndokubata kurova kwemoyo pamoyo wake, “Aenda.” Zvino ndakatarisa chiso chake, chakasviba kwazvo, maziso ake akange apinduka. Kwete kungovhara maziso ake chete, asi maziso ake akasundidzirwa mberi. Uye akanga. . . Ndakauya papuratifomu, ndikaedza kudzikamisa ungano, vanhu vazhinji vaiedza kubatsira hanzvadzi iyi, zvechokwadi, iri muchinhano ichocho, iine murume wayo. Mumwe munhu akaisa chimwe chinhu pamusoro wavo, kana kuti pasi pemusoro wavo, waro.

17 Ndakabata moyo wavo, ku. . . kurova kwemoyo wavo paruoko rwavo, uye pachisina kurova kwemoyo sezviri pachimedu chedanda *iro*. Zvino ndakapfugama ndokunamata, “Ishe Jesu, ndinoKukumbirai, dzosai kune Hama yedu Way hupenyu hwavo.” Zvino mwoyo wavo wakarova ka 4 kana ka 5, ndokutanga kurova semazuva ese zvakare. Zvino vakadzoka zvakare, uye vakanga vari kuedza kutaura. Vaisagona kutaura, vakanga. . . Ropa rinomira, munoziva, kana moyo wamira. Uye

zvakatora nguva yakareba ropa ravo risati ratanga kutenderera zvakanaka. Zvino ndakavanzwa vachidana zita rangu, uye ndakabva ndadzokera papuratifomu.

18 Hama Way, handizive kana mungasimukawo kuti vanhu vaone kuti ndeupi murume wacho. Ndiye murume akadonha akafa, Svondo mangwanani, nekukomoka kwemoyo. Hanzvadzi Way, mudzimai wavo, mukoti akanga akamira ipapo kuti atore kurova kwemoyo wavo, kuti aone. Uye kuona kuti ivo . . . Saka ini . . .

19 Zvinonzwika sezvisinganzwisisike chaizvo, pamwe, kune vanhu vaisazotenda zvinhu izvi. Asi ndakaona Ishe Jesu vachimutsa vakafa, nguva zhinji. Uye hazvisi zvitsva kwatiri, saka hataizo . . . Ndinofunga kuti zvakanaka kuganza naJesu, asi ndinofunga kuti zvinofanira kunge zviri zvechokwadi, zvauri kuganza nezvazvo. Saka takaMuona, ndakaMuona, mumakore 15 apfuura, panyaya dzakawanda dzisina kukundika, achimutsa vakafa.

20 Kunyanya imwe kuMexico, apo Hama Moore neni takanga takamira muMexico City, mumwe mwana mudiki akafa mamwe mangwanani nenguva dza 9 o'clock, nemabayo, muhofisi yachiremba. Zvino mudzimai mudiki uyu, hatina kukwanisa kumusvitsa kune . . . Zvino, murume uyu akanga apa makadhi ese ekunamatirwa, uye takatongovapa manhamba pavaaizouya. Pakanga pasisinazve makadhi ekunamatirwa. Zvino hanzvadzi diki iyi yechiSpanish, yaive kuda, ndinofunga, nemakore 25 ekuberekwa, yaiva nemwana mudiki, akafa; zvino kwainaya, uye aive akamuisa pasi pegumbeze.

21 Zvino husiku hwezuro wacho, pakanga paine murume bofu, oo, zvichida wezera serababa vangu, zvichida ane makore 70 ekuberekwa, bofu, uye akagamuchira kuona kwake pandaimunamatira. Zvino husiku ihwohwo, puratifomu chaizvoizvo yakafara seino pano apa, paive nemirwi, oo, kuenda mudenga, mafiti 2 kana 3, pachingova nemashauro nengowani, nembatya dzekare dzavainge vaisa kumusoro ikoko.

22 Zvino mudzimai mudiki uyu aiedza kukwira kumusoro ikoko. Zvino Billy Paul, mwanakomana wangu, akauya akati, "Baba, ndine maasha anoda kusvika 300 ipapo, uye 300 vese havasi kukwanisa kubata mudzimai mudiki iyeye." Aiva nemwana akafa pasi pegumbeze diki, rebhuruu.

Ndikati, "Zvakanaka," ndikati kuna Hama Jack Moore, "dzikai zasi."

23 Hama Jack Moore neni tine zvinhu zvakawanda zvatakafanana. Handidi kutaura kuti takafanana, nekuti ivo murume ane chiso chakanaka kwazvo. Asi chinhu chimwe chete nezvaHama Moore, tese tinopatsanura bvudzi redu nenzira imwe chete. Tine zvinhu zvakawanda zvatakafanana. Ndakafunga, "Haana kumbobvira andiziva," vakatoita zvekuzondidzikisa

netambo nezvimwe, kuti ndipinde. Saka ndakavatuma zasi kuti vanamatire mwana mudiki uyu. Ndakafunga kuti, "Zvino, havazodaro, mudzimai haazombofi akaziva mutsauko."

24 Zvino saka ndakatanga kutaura zvakare, apo. . .Hama Espinoza, vazhinji venyu imi hama munovaziva, vanobva kuWest Coast, vaidudzira. Izvi zvakaitika munhandare mavanorwa nemabhuru muMexico City. Zvino ndakatarisa paungano ndikaona chiratidzo chekamwana kekuMexico kagere, kachindinyemwerera. Saka ndakati, "Unzai mudzimai muduku wacho pano." Saka ndakaisa maoko pamusoro pechinhu chidiki, chakafa, chakaomarara, chakatonhora. Tsoka dzake dzakatanga kukava-kava, zvino ndokutanga kukwetsura mhere, uye—uye hapo paaive, ava mupenyu.

25 Zvino ndakatumira mumhanyi, Espinoza akazviita, kuti abvunze chiremba, kuti tiwane gwaro reumbowo tisati tagona kuzvinyora pasi. Chiremba akanyora affidavit, kuti mwana iyeye ainge afa mangwanani iwayo muhofisi make, nenguva dzekuma 9:00 o'clock, uye apa dzaive kuma 10:30 husiku ihwohwo. Zvino mwana wacho ari kurarama nhasi, achifadzwa nehutano hwakanaka, kuitira kukudzwa nekubwinya kwaMwari.

26 Saka tichiona zvinhu zvakawanda zvichiitika, hataizofanira kutaura pamusoro peHama yedu Way avo, asi chokwadi ichokwadi. Uye Mwari havangoite zvinhu izvozvo kungo. . . Vanoda kuti zvizivikanwe, uye vanhu vazive kuti Vanovada. Uye nenyasha dzaMwari, Hama Way vagere pakati pedu manheru ano, vachirarama. Tinotenda nekuda kwaizvozvo.

27 Ndakafunga kuti, ndiri panzvimbo yemisasa, ndichipinda, handidi kungovhiringidza nguva yakaisvonaka. Billy anga achindiudza, masikati ano, ati, "Munotaura pamusoro pePentekosti yechokwadi yechinyakare," akati, "mirirai kusvikira masvika kumusoro ikoko!" Ati, "Vanoimba sekunge vakava nechiitiko chacho kwemakore 50."

Ndikati, "Ndinofunga kuti vamwe vavo vakadaro, hongu, kwemakore 50."

28 Uye ndinongoda kupinda mumusangano wakadaro, ndinotenda kuti mumwe nemumwe wedu anodaro, uko kwatinongopinda mauri chaimo.

29 Sekanyaya kandaisimbotaura pamusoro pekuredza. Kumusoro kumaodzanyemba kweNew Hampshire, ndairedza hove dzemuraraungu. Uye kumusoro-soro kwegomo, ndaiva netende diki rigere kumusoro ikoko, oo, tuma A-tent twuya, katende kaduku kakabva kuhurumende. Uye ndakanga ndawana nzvimbo yaiva nehove dzemuraraungu dzakawanda, kwaiva seri pasi pechikwenzi. Uye ipapo—uye paiva nemichindwe yemamoose ipapo, uye pese pandaiedza kukandira chiredzo changu murwizi, manje, chainobatwa

mumichindwe yacho. Saka mangwanani iwayo, ndakamuka, ndikaenda kumusoro ikoko, rungwanangwana, uye ndakafunga kuti, ndichatemera michindwe iyoyo pasi. Ndaizongo . . . Kana ndikauraya hove, zvino ndaizoidya, zvikasadaro ndaizongoiregedza. Saka ndaiva nevhiki rese, zvese zvandaigona kuita, uye ndaiva ndega ikoko.

30 Zvino pandakanga ndaenda mangwanani iwayo, ndiri munzira yangu kudzokera, chitsere chekare chikadzi nevana vadiki 2 zvakanga zvapinda mutende rangu. Zvino iwe ungataura nezvekuparadza zvinhu, zvakanga zvazviparadza nemazvo. Uye zvakanga zvabvarura zvese. Zvino nda—ndakafunga . . . Pandakadzoka, ndakanzwa ruzha, zvino ndakatarisa-tarisa patwumakwenzi twandaiuya nepatwuri. Zvino amai chitsere vekare nevamwe vese vaingova zvavo nenguva yakanaka, vachitsvaga-tsvaga mune zvinhu zvese.

31 Zvino chakandiona, dokubva chatiza ndokudana vana vacho. Mumwe wevana akauya, mumwe wacho haana kuuya. Kamuchinda kadiki-diki, muri mupfumvudza, kaive kakareba *kudai*. Kaive kakagara se*zvizvi*. Uye ndakafunga kuti, “Saka, chii chiri kufadza muchinda mudiki kudaro?”

32 Zvino ndakatenderera ndokutarisa. Ndikati kwachiri, “Buda imomo! Buda imomo!” Zvino chakangogara hacho ipapo. Ndakafunga . . . Zvino ndakatarisa amai vekare, nekuti, munoziva, ukaita zvekutamba nevana vavo, vaizokumara, munoziva. Saka nda—nda—ndakatarisa; paiva nemuti wakanga uri pedyosa, munoziva. Ndaiva nepfuti yekare ine ngura yakarara neche uko mutende, pamwe yakanga yaparara panguva iyoyo. Uye, zvisinei, handaida kupfura amai vekare uye vosiya nherera 2 musango. Saka ndakaramba ndichitarisa muti uyu, ndichiendako kuti ndione kuti chii chaifadza muchinda mudiki uyu.

33 Uye, munoziva, ndi—ndi—ndinofarira mapanikeke. Isu, tose tiri veKuchamhembe, hatisi here? Maflapjacks ndizvo zvaari zasi kuno, munoziva. Saka, uye ndinonyatsoada, uye ndi—uye ndi—ndinoziva . . . Hapana zvakanyanya zvechiMethodisti pandiri; ndinoda chaizvo kudira manyuchi iwayo. Ndinonyatsoabhabhatidza zvakanaka, ndoadururira pese pamusoro pawo. Saka handifarire kungoita kakusasa kadiki sezvamunowana munzvimbo idzi pano, chinhu chidiki. Ndinoda kusvika paunoadira chaizvo, munoziva, moasanganisa zvakanaka uye akawanda.

34 Ndakanga ndine hafu yegaroni yebhaketi rizere ne—neemhunga yekare akanaka. Chitsere chidiki ichi chakanga chabvisa chivharo, uye chainyatsonakirwa nemanyuchi angu. Ndakaramba ndakachitarisa nepakona. Chaitora ruoko rwacho rwudiki chorwuisa zasi mubhaketi iri, munoziva. Uye chaisaziva kuti chingaburitsa sei manyuchi acho, saka chakangoisa tsoka

yacho zasi mumanyuchi angu, chobva chakokora chichiabuditsa choananzva kana odzika.

35 Ndinokuudzai, pandakazosvika pedyo ndikaita kuti chindione, chakanditarisa. Chakanga chisingakwanise kundiona, chakanga chiri manyuchi kubva pamusoro pemusoro wake, kwose zvako kusvika pasi. Dumbu racho duku rainge rakazara nemanyuchi. Uye maziso acho, chakange chisisagoni kana kuvhura maziso acho kuti chinditarise, munoziva, chichiedza.

36 Ndakafunga, "Ndizvozvo. Hakuna kupomerwa kune avo vari kudya." Zvinoisa mupfungwa nezvemusangano wekare wePentekosti, patinoisa maoko edu muchirongo ichocho chehuchi, chakadzika zvakada *kudai*, munoziva, muine Huchi ihwohwo hwePentekosti.

37 Munoziva, chinhu chinoshamisa nezvazvo, mushure mekunge chazadza dumbu racho, uye bhaketi rangu rakokotwa, chakaenda kuna amai vacho nemunin'ina wacho mudiki, naamai vakachinanzva.

38 Saka, munoziva, ndinovimba tichawana zvakawanda kwazvo panesu pano, zvekuti, patinodzokera kumba, avo vasina kuuya vachananzva kubva patiri, zvishoma zvechiitiko chedu, tovaudza zvinhu zvikuru zvakaitwa naShe zasi kuno muHot Springs. Ishe vakuropafadzei.

39 Uye zvino, ndinotenda, vandiudza kuti havana kuzviita nenguva, kana chimwewo chinhu, kuzivisa zvokupa makadhi ekunamatirwa, kunamatira vanorwara; mamwe manhamba ari pamakadhi, tinovadana tovanamatira. Uye zvino zvadaro, saka zvandipa husiku humwe hwekuti tigoita sekujairana. Uye saka mangwana manheru ndinofunga kuti vachapa makadhi avo okunamatirwa, imwe nguva pamasikati. Ndizvo here? Hongu, matodaro kare. . . 6 o'clock? 6 o'clock mangwana manheru.

40 Zvino ndafunga, manheru ano, tichangotora chikamu chidiki cheGwaro pano toRiverenga, uye toona kana tingawana zvatingaudzwa naIshe. Uye zvino tisati tazarura Bhuku, ngatitaurei neMunyori weBhuku, tichikotamisa misoro yedu.

41 Tisati tanamata, uye misoro yenyu yakakotamiswa; nekufunganya kwese zvino, nekufarisa kwezuva, uye kuseka kushoma kwataita, ngatingozvisundirei parutivi zvino, nekuti tiri kusvika kuna Mambo. Pane zvikumbiro zvakatsaurwa here, zvinoda kurangaririrwa, ungangosimudzawo ruoko rwako here, uye woti, "Ishe!" Pakadzika chaipo mumoyo mako, ingobata chikumbiro chako.

42 Baba vedu veKudenga, tinotora uyu semukana mukuru, Mwari Samasimba, kuuya muungano yaShe, kuti tiwadzane pamwe chete, tichipupura, tichitaura pamusoro pezvinhu zvikuru zvaMakaita, nenzvimbo dzatakanga tiri. Uye zvinongondirangaridza Mabasa 4, muBhaibheri, pavakadzoka

uye vachitaura pamusoro peizvo zvakange zvaitwa naShe. Uye vese vakanyengetera, uye nzvimbo yacho ikazunguzika, pavakanga vakaungana pamwe chete.

43 Mwari, hatisi kunetsekera zvikuru, manheru ano, kuona chivakwa chichizunguzika; asi tinoda kuti Mutizunguze, Ishe. Zunguzai kunzwisisa kwedu. Tizunguzei isu, manzwiro edu, moyo yedu yekunzwisisa, kuti tibve pano manheru ano, takatsunga kupfuura kare kuKushumirai, kuti tikwanise kunzwa Hupo hwePentekosti itsva yakavandudzwa, yeMweya Mutsvene uchidururwa pamusoro pedu, zvakare patsva sezasi mumasango aya nezvikomo zvemuArkansas, makore 50 akapfuura, apo madzitateguru akaupfuura nepano nemabhiza nengoro, achiparidza Evhangeri iyi. Ishe vanodikanwa, dai isu, vatakuri veChikonzero chikuru ichi chakakodzera chaMakatumira nepano, ngatirege kunyara nechinhu chikuru ichi; asi dai tafamba mutsoka dzeavo vakatitangira, Ishe, takatakura mureza waIshe Jesu.

44 Dai vamwe, vasati vagamuchira hurongwa hukuru uhwu hweruponeso uhwo Mwari vakatiisira muRugwaro, zvakafanotaurwa nzira yose zvichidzika nemuTestamende Yakare, uye nhasi tiri kunakidzwa nazvo, dai pakava nekuzunguzwa kukuru pakati pedu, Ishe, nekuvandudzwa kwekutenda ne—nekuvandudzwa kwekushingaira.

45 NdinoKutendai nekonivhenisheni ino, nekuda kweboka iri revanhu vachiri vakabatirira, Ishe. Munguva ino yekuyedzwa yakauya panyika, kuedza avo vari kuzviti Makristu, dai tawanikwa, kumagumo, takakodzera kupinda mumifaro yaShe, yakagadzirirwa Vadzikinurwa, kubva pamavambo enyika. Ropafadzai Shoko reNyu.

46 Ishe, rangarirai ruoko rwose rwasimuka. Munoziva donzvo, Munoziva chinangwa, Munoziva chikumbiro chiri kuseri kweruoko irworwo. Ndinonamata, Mwari, kuti Mugozvipa kune mumwe nemumwe. Dai murume wose ano. . . kana mudzimai, mukomana kana musikana, asimudza ruoko, achida ruponiso rwakawedzerwa, kana kufamba nepedyo, kana kuKuzivai seMuponesi wavo, dai vakasabva panzvimbo ino kusvikira chikumbiro ichocho chapindurwa.

47 Kune avo vanorwara uye vanoshaya, tinonyengetera, Mwari, kuti pave nesaisai guru rekupodzwa pose panzvimbo ino, kuti hapazovi nemunhu ane hutera anouya panzvimbo ino achazobva ari zvimwe chete sezavauya ari. Imi Munogona kumutsa munhu kubva kuvakafa, uye momuunza pano pamberi pedu, zvinoratidza kuti Muri Mwari mumwe chete akamira ipapo paguva raRazaro, mukamudana kubva pakati pevakafa. Baba, itai kuti vazive kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Hepanoi pamire mumwe pakati pedu manheru ano, mazuva mashoma apfuura, akadanwa

kuti adzoke kubva kunyika iri mberi kwemumvuri wekuziva kwemunhu muhupenyu huno. TinoKutendai zvikuru nekuda kweizvi!

48 Tiropafadzei pamwe chete zvino patiri kudzidza Shoko reNyu, nokuti chokwadi Shoko reNyu iZvokwadi. Renyu neShoko reNyu chinhu chimwe. Hazvigoni kupatsanurwa. Saka tinokumbira maropafadzo eNyu pamusoro pedu, Baba, apo takamirira paMuri kuti mutaure kwatiri manheru ano, kubudikidza naJesu Kristu Ishe wedu. Ameni.

Zvino, kana mungadaro, ndinoda kuvhura kuMagwaro, nezvimwe zvakadaro.

49 Ndaita sokurara pamubhedha ndokubva ndakotsira; chinhu chekutanga munoziva, Billy auya akati, "Handei."

Ndikati, "Unoreva here kuti yave nguva yechechi?" Ndatozoburitsa chitsama chidiki cheMagwaro chandainge ndakamboshandisa kare, kuti—kuti nditaure nezvacho manheru ano.

50 Zvino ndafunga kuti pamwe kwaizopihwa makadhi uye ndonamatira vanorwara, nezvimwe zvakadaro. Ndacherechedza kubva zvandauya muno, vanhu 2 varere panhowo, zvichida vauya kuzonamatirwa manheru ano.

51 Zvino, uye—uye Billy adzoka, akati, "Handina kupinda nenguva, baba." Tataura nezvazvo. Ndokuti, "Ticha—tichazviedza mangwana manheru."

52 Ndikati, "Zvakanaka, wotora hama, woatora, wogovera makadhi."

53 Saka zvino ndinoda kuti muvhure pamwe neni, ku—kuBhuku reMadzimambo reChipiri, uye chitsauko 1. Uyezve zvakare ndinoda kuti muvhure ipapo kuna Jeremia, chitsauko 8 nepandima 22. Ngatingoverengai chikamu cheGwaro iri.

> *Zvino Moabhu* yakamukira *Israeri shure kwokufa kwaAhabhu.*
>
> *Zvino Ahazia wakanga awira pasi napahwindo rekamuri yake yokumusoro yaiva* mu*Samaria,* uye *akarwara:* zvino *akatuma nhume,* uye *akati kwavari, Endai, mundobvunza Bhaarizebhabhu mwari weEkironi kana ndichapora pa*chirwere ichi.
>
> *Asi mutumwa waJehovha akati* kuna *Eria muTishibhi, Simuka,* uye uende kumusoro uye *undosangana nenhume dzamambo weSamaria, uti kwavari,* Hazvisi kuti *here hapana Mwari* mu*Israeri,* zvaunondobvunza *Bhaarizebhabhu mwari weEkironi?*
>
> Zvino *naizvozvo zvanzi naJehovha* Mwari, *Haungaburukizve pamubhedha wawakwira, asi* zvirokwazvo *uchafa.* Zvino *Eria akabva.*

54 Uye zvakare muBhuku raJeremia, chitsauko 8 uye pandima 22.

> *Ko hakuna* bhasamu *muGireadhi here; hakuna* chiremba ikoko *here?* sei zvino . . . hutano hwe*mukunda wavanhu vangu* husina *kupodzwa?*

55 Ndinoda kutaura, kana tingazvidana, pamusoro pechidzidzo chinoti: *Sei?* Mu—mubvunzo, uye Mwari vari kubvunza mubvunzo uyu.

56 Zvino Mwari ndevaZiyendanakuenda. Tinoziva kuti Vari. NdeveKusingaperi. Havana kumbova nemavambo, kana kuti haVambofa vakava nemagumo. Ziyendanakuenda harina kumbobvira rakatanga, harimbogumi, nekuti ringori Ziyendanakuenda.

57 Uye Mwari havagoni kushandura pfungwa yaVo kana nzira yaVo. Ndosaka isu, sevanhu vasingagamuchire zvitendwa, kana chichipesana neShoko, nokuti tinotenda kuti Mwari neShoko raVo vamwe chete. Tinotenda kuti Bhaibheri rinotaura muna Mutsvene Johane, chitsauko 1, kuti, "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu." Naizvozvo kana Mwari vakataura chero chinhu, haVagoni, mangwana kana chero imwe nguva, kumbochidzosa; kana Mwari vakadanwa panzvimbo, kuti vaite sarudzo. Uye sarudzo yaVo imwe chete ndeyeKusingaperi. Haizombofa yakashandurwa.

58 Uye Mwari vakadanwa kuti vaite sarudzo kurudzi rwevanhu, mubindu reEdheni, pakaitwa chivi chekutanga. Ko Vaizombokwanisa here kudzikinura mwana waVo akarasika agodzokera mukuyanana naVo zvakare? Zvino Vakagadzira hurongwa humwe chete. Hauna kumboshanduka, hwekubudikidza nenzira yeropa. Uye ukatevera Magwaro, hauna kumbobvira hwashanduka kana kuchinja, uye haumbogoni, nekuti isarudzo yaMwari, kubudikidza neRopa. Kunyange hazvo, takaedza kuhushandura. Takaedza kuhudzidzisa. Takaedza kuhuita sangano. Takaedza kuita zvese zviri mumurawo wemunhu, kuedza kuZvishandura, sezvakaita Adhamu nemashizha emuonde nezvimwe zvakadaro. Asi hunoramba hwakadaro, Ropa ndiro nzvimbo yega yekuyanana.

59 Naizvozvo, pamwe chete manheru ano, tinogona kumira, kwete sesangano rimwe chete, pamwe vazhinji vedu pamwe chete. Asi hatigone kumira pano takamiririra sangano rimwe chete, tinofanira kumira pano mukuyanana uku pasi peRopa raJesu Kristu. Tose tinogona kuva hama, hanzvadzi. Mwari vanogadzirira munhu nzira, zvino munhu anobva aramba kufamba nenzira iyoyo, zvino Mwari vane kodzero yekubvunza, "Sei usina kuzviita?" Uye ndizvo zvaVakaita kareko, uye

ndizvo zvaVanoita zvino, uye ndosaka Vacha . . . zvaVachabvunza paKutongwa. Vakabvunza kuti, “Sei?”

60 Zvino, Gwaro redu rataverenga ratangira, pakarepo mushure mekufa kwaAhabhu, mambo akaipa, mutendi wepamuganhu, murume aiziva zvaive zvakanaka zvokuita, uye zvakadaro akanga asina hushingi hwekubuda oita zvaaiziva kuti ndizvo zvakanaka kuita.

61 Ndinongofunga, kana ino—kana nyika ino isina kusvibiswa nhasi navanaAhabhu, nyika yeChikristu yatinogara mairi, yakasvibiswa navanaAhabhu, nevanhu vanonyatsoziva kuti zvakanaka kupa hupenyu hwako uye wova . . . kuna Mwari, uye wozadzwa neMweya, nekutevera dzidziso dzeBhaibheri rino, asi zvakadaro vasina hushingi hwekumira vachizviita. Zvinondirangaridza zvakare chimwe chinhano chakadaro muSodhoma.

62 Bhaibheri rakati, “Zvivi zveSodhoma, zvaishungurudza mweya wakarurama waRoti, zuva nezuva.” Uye zvokuti mweya wemurume wacho wakanga wakarurama kwazvo, uye akatarisa kunze pazvivi zvenyika, uye aiziva kuti chii chakanga chisina kunaka, kuti vakanga vachiita zvakaipa, uye zvakadaro asina hushingi hwekumira pane zvaaitenda.

63 Ndosaka nyika yose yave Sodhoma neGomora, uye kuti vanaRoti nhasi, munyika yose nepasi rose, vakamira mumachechi, vakagutsikana kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, uye kuti simba raKe rinongori ramazvirokwazvo nhasi sezvarakagara riri, vasina hushingi hwekumira papurupiti nekuramba chivi, nekuda kwechimwe chidziviso chaizovadzinga kubva mukuyanana kwavakanga vajoinha makuri. Zvakadaro zvinodzoka kuRopa raJesu Kristu, mushonga woga unorapa.

“Sei? Sei?”

64 Ahazia akanga—akanga ari mwanakomana waAhabhu, akanga akudzwa mumhando yemusha waiva—waiva mu—musha une kakudziya. Wakanga usiri weMakristu zvachose. Amai vake vaiva muhedheni. Zvino baba vake vakanga varoora kunze kweyanano, vakaroora mudzimai akanga asiri mutendi.

65 Uye izvozvo zvinogara zvichiita musha wakaipa wechero mwana kuti akudzirwe mauri, apo kusatenda nekutenda zvinoedza kuvhegana pamwe chete.

66 Uye, zvino, dai baba vaizenge vari murume akasimba chaizvo mukutenda kwavo, mwana wacho anogona kunge akawana mukana uri nani, asi iye—iye haana. Akanga asina. Aiziva kuti kwaiva naMwari. Aiziva kuti kwaiva naJehovha. Uyezve iye . . . vanamwari vaamai vake, nezvimwe zvakadaro. Akanga akavhiringidzika chose. Zvino mushure mekufa kwababa vake, mukomana uyu ari muchinhano ichochi, akaita sekuvhiringidzika, nenzira imwe kana neimwewo.

67 Ndokunge kana usiri iwo mufananidzo wenyika nhasi! Mumwe mumhuri anenge ari nenzira *iyi*, uye mumwe ari neimwewo, uye mumwe achienda ne*uku* uye mumwe achienda ne*uko*. Ndosaka tiri kugadzira misikanzwa yakawanda yevechidiki, nedzimwe mhando dzose dzezvinhu, pasi pezita reChikristu. Imhaka yekuti hapana kubatana. Hapana kudanwa chaiko, nekumiririra Mwari.

68 Zvino tinoona kuti, muchinda uyu achizova mudyi wenhaka yechigaro chehushe chababa vake. Rimwe zuva, kumusoro pamusoro pebharikoni rake pane imwe nzvimbo, achifamba achitenderera, a—akawa nepahwi—hwindo. Anogona kunge aive akadhakwa zvakanyanyisa ndokuwa nepahwindo, zasi zvichida pauriri hwepasi, ndokurovera pabhenji kana chimwe chinhu, ndokutyoka mbabvu shoma kana kuti ndokumukuvadza. Zvino hurwere hunofanira kunge hwakatanga hutachiona pane imwe nzvimbo, kana kuti pakakuvadzwa, uye zvikamuita kuti ave nefivha. Zvino airwara zvikuru.

69 Hongu, mazuva iwayo, vakanga vasina mishonga yavanayo zvino. Zvichida vanachiremba vakauya vakaita zvavaigona kuitira muchinda uyu, asi vakanga vasina kukwanisa kwacho. Zvino akaziva kuti chinhu chake chega chaaigona kuita kwaive kuenda kune simba raive pamusoro kupfuura izvo vanachiremba vaigona kuunza mumashoko avo ekurapa. Zvino akafunga kuti aizoenda ipapo; uye akatumira kuna amai vake.

70 Chinofanira kuva chidzidzo chakadini kuna vanaamai! Mwana anowanzoteerera amai vake.

71 Zvino akaenda kune vake, akatumira kuna mwari waamai vake, Bhaarizebhabhu, mhiri kuEkroni, uko kwaive nechifananidzo chake, chimupunzo chake. Ndokuti, "Endai bvunzai vaprisita ikoko, uye muvaite kuti vabvunze chifananidzo chavo chaBhaarizebhabhu, kuti ndichapora here pachirwere ichi chandinacho, kana kuti kwete."

72 Asi munoziva, murume iyeye, chaizvoizvo, mungafungidzirawo here? Vanhu vaifanira kunge vari vanhu vanotya mwari, vaizorega murume akadaro achivatonga, imhaka yechinhano chekakudziya. Chakanga chiri chinhano icho chechi yakanga yapinda machiri, chakaisa munhu akadaro musimba, kana kuzvibvumira. Handifungi kuti nguva dzachinja zvakanyanya; dzichiri zvakanyanya kwazvo kuve dzakafanana. Uye vorega murume uyu atonge, ave nesimba pamusoro penyika, anganobvunza chimwe chimupunzo cheimwe pfungwa yechihedheni pamusoro pechinhano chake.

73 Uyezve, munoziva, asi seri kwazvo zvose, zvisinei kuti zvinoratidzika zvakadini kuti Mwari vafuratira chiso chaVo kubva kuvanhu, Vanozviita izvozvo dzimwe nguva kuti vaone kuti imhandoi yemaonero aunotora. Mwanakomana wese anouya kuna Mwari anofanira kuyedzwa nekurangwa.

74 Uyezve pane nzvimbo diki mumurume, kana mudzimai, kana vazvarwa neMweya waMwari, inova yaZiyendanakuenda.

75 Uye unopinda pane imwe nzvimbo imwe nguva apo zvese. . . Zvese zviri munhu pamusoro pako, mukushandisa njere, dhiyabhore anogona kukushandisira njere achizvibvisa pauri. Asi kana zvose zvapamuka, zvino, kana Hupenyu Husingaperi ihwohwo husipo, uchawa zvakare, nekuti unogona kuzvishandisira njere uchibva pana Mwari.

76 Asi murume anozviti Mukristu, haana kodzero papurupiti, kana kuti haana kodzero muhofisi, yemutungamiri chero kupi, kusvikira akwira masitepisi iwayo achienda kunzvimbo yaanozvarwa neMweya waMwari, ozadzwa neMweya Mutsvene, nenzira yekuti hapana anogona kuzvitsanangura zvichibva paari.

77 Mwari, paVakatumira Mosesi zasi kuEgipita, kunodzikinura vanhu, kutanga Vakamutora kuseri kwerenje, ndokubvisa dzidzo yose yechitendero yaaiva nayo, mumakore 40, ndokuchizozviratidza kwaari. Akaziva zvakawanda pamusoro paMwari, mumaminitsi 5, muHupo hwegwenzi riya raipfuta, kupfuura zvaakaziva mumakore 40 ekudzidza kwaakawana.

78 Ndizvo zvinodiwa nechechi manheru ano, chimwe chiitiko chepagwenzi rinopfuta, uko vanhu vane rurimi rwunonyengera. . . Apo, Gwaro rinotaura kuti, "Mweya 2 mumazuva ekupedzisira ichange iri pedyo nepedyo kwazvo, yaizonyengera vasanangurwa chaivo dai zvaigoneka."

79 Munhu anofanira kutanga auya panzvimbo inoyera pamwe naMwari; apo vadzidzi vose vebhaibheri, vose vanachiremba vebhaibheri, kushandisa pfungwa kwose, vose vasingatendi muna Mwari, hapana chimwezve chingambogona kuzvitsanangura zvichibva paari. Aivepo Mwari pavakauya, uye anoziva zvakaitika. Haukwanise kumushandisira njere pazviri; akanga aripo pazvakaitika. Ndiyo mhando yemunhu watinoda nhasi muhurumende, muchechi, nekumwe kwese, munguva dzakadai. Pahutungamiri, tinoda munhu akazadzwa neMweya Mutsvene.

80 Ndizvo zvinodiwa nechechi nhasi; kwete mudzidzi webhaibheri, asi murume akazadzwa neMweya, akaberekwa patsva, azere neMweya Mutsvene. Ndinokuudzai kuti, dai taive nevakawanda vakadaro, chechi yaizotaridzika zvakati siyanei zvishoma pane zvayakaita panguva ino. Zvinhu zvaizova zvakasiyana dai taizova nevarume vakawanda vakazadzwa neMweya waMwari, kwete kutevera tsika dzevakuru, nezvimwe zvakadaro.

81 Zvino tinoona kuti muchinda uyu akatumira kumusoro ikoko kuti awane ruzivo urwu kubva—kubva kuna—kubva kuna mwari waEkroni, Bhaarizebhabhu.

82 Asi nguva dzose, Mwari vaiziva kuti akanga achizviita. Saka, Vakanga vaine muporofita zasi ikoko, ainzi Eria, saka Vakataura naEria ndokuti, "Enda kumusoro uko kune imwe nzira, uye womira munzira iyoyo, nhume dziri kuuya nepo." Munoona, hapana chaunogona kuvanza kubva kuna Mwari, munoona, zvisinei nezvauri kuita. Zvino, muchinda iyeye aisaziva zvachose kuti Mwari vaitaura naEria zasi kure uko murenje pane imwe nzvimbo, mukamba kadiki, kedhaka pane imwe nzvimbo, uye vakatogona kumuudza kuti "Enda, unomira pakona yemugwagwa kumusoro uko, uye wotaura nemachinda aya, uye uvaudze kuti vadzokere kwaari, uye vamuudze kuti ZVANZI NAJEHOVHA: haasi kuzobva pamubhedha iwoyo."

83 Zvino Vakati, "Mubvunze kuti, 'Sei wazviita? Chii chinokuita kuti uzviite? Imhaka here yekuti hakuna Mwari muIsraeri? Imhaka here yekuti haVana muporofita? Ndicho here chikonzero chawazviitira? Handiti, unoziva zvakaitika. Unoziva Magwaro. Unawo mumuzinda wako iwe. Vaprisita varipo ipapo. Pasina kupokana wakaaverenga kubvira uchiri mukomana. Zvino sei waita chinhu chisina musoro chakadaro?'"

84 Handizive, manheru ano, kana Kristu akauya panzvimbo, kana kuti munyika yose nhasi, achikwevera nyika ino mukutongwa, kuna mubvunzo mumwe chete iwoyo waisazobvunzwa. Sei zvakadaro, ndizvo here? Sei zvakadaro kuti tiri kuita zvinhu izvi? Sei tiri kukakavara muhurumende, kuti tinofanira here kuverenga Bhaibheri paruzhinji, uye, sei, kana tiri kuverenga zvese izvi zvisina musoro? Ko madzitateguru edu haana kuisa bumbiro remutemo iri muhurongwa here? Nyika ino haina here kuberekwa pazvitevedzwa zveBhaibheri? Hatisi pano here nokuda kwerusununguko rwekunamata, kuita muna Mwari nenzira yatinonzwa kuve yakafanira kuti tiite, nzira yatinogutsikana nayo kuti iChokwadi?

85 Asi, munoona, takaita chimwe chinhu chakafanana nechavakaita panguva iyoyo. Tiri kungorega zvinhu zvose, zvematongerwo enyika, zvichitimedza, pachinzvimbo chekuremekedza Kutenda kwedu muna Mwari wedu, uye nemunhu akamiririra Chokwadi. Uye tiri kurega zvematongerwo enyika edu achidarika izvozvo, uye tichivhotera zvinhu zvakadaro zviri kusvibisa nyika ino, uye apo tiri kusvika pakutongwa. Mwari vachasimuka panzvimbo, rimwe zuva, nemuporofita ane simba, votaura muchizvarwa chino uye—uye voudza vanhu, uye vachaona kuti ndiMwari ari kutaura, asi havazotendeuki. Zvichaita sezvazvaive kareko.

86 Akati, "Hakuna Mwari here muIsraeri? Imhaka here yekuti hakuna Mwari?" Zvimwe chete nezvakataurwa naJeremia, "Ko hakuna here bhasamu muGireadhi? Hakuna here chiremba ikoko?" Zvino, havana kukwanisa kupindura izvozvo. Chokwadi, zvaivepo. Zvino, Vakati, "Zvino, sei, sei mazviita? Sei mukunda wevanhu vangu asina kupodzwa?"

87 Zvino tinoshaya kuziva izvozvo, manheru ano. Sei? Hapana Bhaibheri here? Hakuna Mwari here? Hapana mutsauko here? Kana Mwari vari kuzounza vanhu paKutongwa, Vanofanira kuva nechimwe chinhu chokuvatonga nacho. Panofanira kuva nechimwe chiyero.

88 Kana Vachizovatonga nechechi yeKatorike; zvino kana vakavatonga nechechi yeRoma, chechi yechiGiriki yarasika, mamwe machechi eKatorike arasika. Kana Vakaitonga neyechiGiriki, yechiRoma yarasika. Kana Vakaitonga neLutherani, Methodisti yarasika. Kana Vakaitonga neMethodisti, Lutherani yarasika. Havakwanise kuitonga nechechi; kune masangano akawanda akasiyana-siyana ayo.

89 Asi Mwari vachatonga nyika, Vakati, kubudikidza naJesu Kristu. Zvino Jesu Kristu iShoko, uye Shoko ndiMwari. Uye Vachavatonga neBhaibheri iri, nekuti iri iShoko. Ndicho chiyero chaMwari. Tinofanira kusvika pane zvinotaurwa neBhaibheri.

90 Uye tinoshaya kuziva kuti sei tiine kuvhiringidzika kwakawanda kwazvo, masangano akawanda kwazvo, kusiyana kwakanyanya kuwanda, kuchipatsanura hukama hwehama, ne—nezvose. Imhaka yekuti hamuna Bhasamu muGireadhi here? Imhaka yekuti hakuna chiremba ikoko here? Handizive kana Mwari vakatibvunza mubvunzo iwoyo?

91 Zvino, zvakanga zvisiri—zvakanga zvisiri chaizvo pakuti vaisava naChiremba. Vaiva naye. Mwari ndivo vaiva Chiremba wacho. Uye zvaisava nekuti kwakanga kusina Mwari muIsraeri. Kwaiva naMwari. Uye vakange vaine muporofita wavaibvunza, kuti vaone kuti zvinhu izvi zvii. Asi kwaiva kuda kwakasindimara kwamambo pachavo. Ndizvozvo chaizvo.

92 Uye ndiro dambudziko riri munyika nhasi. Kuda kwevanhu pachavo kwakasindimara. Kwete nekuti hatina Mwari mumwe chete akayambuka Gungwa Dzvuku, nevanhu vaKe, akavapa zvokudya kwemakore 40 murenje. Hazvisi nekuti hatina Mwari mumwe chete wataiva naye pakutanga. Inzira yevanhu pachavo yakasindimara. Havadi kugwadama. Havadi ku—kuva nechekuita nehutsvene nokuchena kwekurarama nenzira yemararamiro emuBhaibheri. Vangasva havo vava nhengo yechechi uye voisa zita ravo mubhuku, uye vorarama senyika yose, pane kugwadama kuvimbiso neMirairo yaMwari Samasimba. Ndiro dambudziko nhasi. Ndicho chikonzero zvinhu zviri kufamba nenzira yazviri, vanhu vari kubva paShoko. Hauzombokwanisi kururamiswa kusvika tadzokera munzira chaiyo.

93 Ukavaka chivakwa chino, woisa kona *iyo* zasi *kuno* pane imwe nzvimbo, haufe wakaita kuti chivakwa chacho chivakwe. Unofanira kuiswa panheyo. Uye Nheyo iBhaibheri, Dzidziso yevaapostora nevaporofita, nevamwe vakadaro, yemuBhaibheri.

94 Nzira yamambo pachake yakasindimara. Aisangoda ku—kutumira zasi ikoko. Hayaifarirwa zvakanyanya.

95 Nzira yaMwari yemazvirokwazvo yechokwadi yekurarama haina kumbobvira yakakurumbira. Haizombofa yakava nemukurumbira. "Nokuti kuparidzwa kweEvhangeri hupenzi kune avo vanoparara." Pauro akati, "Handinyare neEvhangeri yaJesu Kristu, nokuti isimba raMwari rokuponesa kune avo vanotenda."

Zvino tinoona pano kuti mambo akanga akasindimara.

96 Zvingori zvimwe zvakafanana nanhasi, murwere anotorara chaipo pa . . . Ko kana murwere akaenda kuna chiremba orara pamasitepisi ake, zvino aine imwe mhando yefi—yefivha yainge iri kuzomuuraya? Zvino chiremba wacho ouya pamukova, uye oti, "Changamire, ndine mushonga wacho muno."

Anoti, "Aa, handisi."

"Pindai, ndichakubayai jekiseni racho, mushonga wekudzivirira chirwere."

"Handidi mushonga wenyu ini."

97 Uye oti zvino, "Changamire, ndi—ndinogona kukubatsirai kana mukangouya muno."

"Zvinoka, handisi kuzopinda."

98 Zvino murume uya ndokurara ipapo pamasitepisi achiremba ndokufa; kufira pamasitepisi achiremba nekuti haabvumi mushonga wekudzivirira fivha yetyphoid kana chero zvachiri, chaaiva nacho. Haagamuchire mushonga wacho wekudzivirira chirwere chacho, zvino munhu uyu anofira chaipo pasitepisi repamukova wachiremba. Zvino, murume uyu . . . Haugone kupa chiremba mhosva, kana aine mu—mushonga uno—unorapa chirwere chacho, uye chiremba achitoda kuupa, uye utoripo. Zvino murume wacho akagara, ndokuuya pedyo pasitepisi repamukova wachiremba, ndokugara pasi ipapo ndokufa, haugone kupa chiremba mhosva. Haugoni kupomera mushonga. Murume wacho ndiye anotori nemhosva; kufira pasitepisi repamukova wachiremba, nechirwere chekuti kune mushonga wekuti chirapwe, uchigona kuchirapa, uri mukati. Saka, unongori mufananidzo.

99 Asi, munoziva, Mwari vane mushonga mukati meHumambo hwaVo, unopodza chirwere chose chechivi chiri munyika, uye vanhu vanogara chaipo pamasitepisi epamukova wechechi. Kwete izvozvo chete, asi vanogara muchigaro chaimo, vofa, vorasika votoenda kuGehena, nokuti vanoramba kugamuchira mushonga waChiremba. Ameni. Ndizvozvo. Vanonyatsoramba zvachose kutora mushonga waChiremba, nokudaro vanofa nemafivha.

100 Uye vanhu vanogara muchechi vachinzwa Mharidzo dzaMwari, vachidzitenda, uye vasingaRigamuchire. Havazoti,

"Saka, zvino handitendi kuti ndizvozvo." Vamwe vavo vanouya, votaura uye vobvumirana naRo, voti, "NdinoRitenda kuti ndizvo," asi hauzozviiti. Unoona, unofa. Kufira muzvigaro zvemuchechi, nekuti havazogamuchire mushonga unorapa. Havadaro. Munoona, zvazvinoita, zvinotora mu—mukurumbira mushoma kubva muvanhu. Zvinoita sekuvakunda zvishoma.

101 Vanotya Kuberekwa patsva ikoko. Munoziva, kuberekwa kupi zvako kunosemesa. Handina basa kuti chii, kana kuri mudanga renguruve kana chipatara chakashongedzwa nepingi, kunosemesa, uye ndizvo zviriwo Kuberekwa patsva. Kunokuita kuti uite zvinhu zvawaisafunga kuti ungaita. Kunokutwasanudza. Asi usati wagona kuva uri wakanaka, unofanira kupfuura nemukusemesa ikoko. Ndizvozvo. Ameni. Mbeu isati yaberekwa, inofanira kufa yoora. Uye ndiro dambudziko nevanhu nhasi, havadi kufa nekuora kunyika, kuitira kuti vagozvarwa patsva neMweya Mutsvene. Munoona, ndizvozvo chaizvo. Vanotya Kuberekwa patsva ikoko. Vano—vanotya.

102 Kunovaita kuti vaite zvinhu zvavasingadi kuita. Kunobvisa mukurumbira kubva mavari. Kunobvisa kuomarara kubva mavari. Oo, ndinokuudzai, ndinofara kuti kune mushonga wekudzivirira chirwere, manheru ano, uchazvibvisa mauri, hama, uchabvisa nyika. Unoita kuti vanhu, hukama hwehama, vayanane pamwe chete zvisinei nekupesana kwemasangano. U—unoita kuti hovhorosi imbundire sutu yetuxedo, obva adanidzira, "Hama, ndinofara kukuonai!" Ameni. Chokwadi! Asi iwe . . . Vanotya mushonga wekudzivirira chirwere iwoyo. Oo, ini zvangu!

103 Zvine njodzi kuramba mushonga wachiremba, unoziva, kana iwe—kana uri kuenda kwaari. Uye zvinotya . . . Kana ukaramba mushonga, injodzi. Unogona kufa. Asi iwoyo, iwoyo, unongofa panyama, nokusatora mushonga wachiremba. Asi zvine njodzi yakakura sei kuramba mushonga wekudzivirira chirwere waMwari kubva kuchivi!

104 Pano imwe nguva yapfuura, ndakati rwarei zvishoma, zvino mumwe munhu akati kwandiri, akati, "Zvinoka, Billy," akati, "wakachengeta chitendero chako munguva yehurwere hwako here?" Akati, "Unoziva, unotenda mukupodza kwaMwari; wakachengeta chitendero chako here?"

105 Ndikati, "Kwete, chakandichengeta. Haisi pfungwa yekuti ini ndichichengete; chinondichengeta."

106 Apo Ropa raJesu Kristu parakadeurwa paKarivhari, Mwari vakaita gadziriro. Munhu paakatadza kutanga, akazvisiira mukaha mukuru waakayambuka, akasazvisiira nzira yekudzokera. Mwari, vakapfuma netsitsi, vakagamuchira chinotsiva, zvino raiva riri ropa regwayana kana kuti nzombe, zvino chinotsiva ichi chakagara kwemakore.

107 Mosesi akamira ari pasi pekufemera kwaMwari, apo chivi chisati chatomborambwa, chakanga chakangofukidzwa neropa renzombe nembudzi. Uye aive ne—nekubwinya kwaMwari paari, kusvikira aikwanisa kutaura nhunzi kuti dzivepo, aigona kutaura matatya kuti avepo. Nokuti, shoko ipfungwa yaratidzwa, uye Mwari vakaunza pfungwa dzaVo kuna Mosesi, uye Mosesi akadzitaura dziri mashoko. Zvino Shoko parakataura, pasi rose rakaumbwa neShoko raMwari.

108 Paimbova nenguva yandaiwana, kuchikoro, ndaiendwa neingi nhema pane yangu—pane shati yangu. Amai vaisibvisa shati yangu, uye voti, "Ndipe kuno, kurumidza, mudiwa," zvino vaiisa mafuta emarasha pairi. Uye zvoga zvaakaita kwaingova kungoiparadzira, kuita zidzvanga guru redenderedzwa, pavakaisa mafuta emarasha paingi. Ndizvo chete zvavaiziva nezvazvo. Ndizvo zvakanakisisa zvavaiva nazvo.

109 Asi zvasiyana nhasi uno. Vakagadzira chinhu chinonzi bleach. Uye iwe. . . Mushonga wekuti pese panodonhera ingi iyoyo muClorox iyoyo, kana bleach, chero zvaingava. Kana yasvika ipapo, hauchakwanisi kuwana ruvara rwutema irworwo zvakare, zvachose. Chii chinoitika kwairi? Donhedza donhwe reingi nhema mubhavhu rine bleach, handiti, hauna chinhu. Hautombowani kana chiutsi.

110 Dai ndaiva nyanzvi yemakemikari, mashoko aya—aya angasava echokwadi chaizvo kune sainzi, asi ndaizoti, chii ichocho? "I$H_2O$, mvura, chinhu chimwe chete. Zvino pane mushonga uri imomo, zvino ndokuiita nhema." Panongova neruvara rwumwe chete rwepamavambo, uye irwo rwuchena. Mamwe mavara ose kutsveyamiswa kwakabva ipapo. Uye zvino ndinoti. . . Uye kana ukaipamura kubva ipapo, uye pamwe waizoti, "Zvinoka, yakashanduka kuita acid payakasvika mubleach. Yakashanduka kuita acid." Zvakanaka, saka acid yakaenda kupi? "Acid yakadzokera . . . "

Zvino, ruvara ndirwo rwatiri kutaura nezvarwo mune izvi, ruvara.

111 Woti, "Yakadzokera kuva mamolecule. Zvinoka," woti, "molecule 4 taimuzi 6 purazi 9, zvinotipa molecule H." Kana rwaizobuda rwuri 4 purazi 6 purazi 8, rwaizobuda rwakaita sei? Pingi pachinzvimbo cheruvara rwutema. Zvino yadzokera kubva ipapo kuva maatomu. Zvino, kubva kumaatomu, purazi 1 purazi B2 purazi 3, zvinotipa 4, inorwuisa pamwe chete nemolecule H. Zvinorevei izvozvo? Unobva wadzokera kuruvara rwutema zvakare. Uyezve kana ukadarika ipapo, unogona kuenda kumaelectron.

112 Unoenda kupi kubva ipapo? Uchatofanirwa kudzokera. Nokuti chisikwa, chaifanira kubva kune Musiki. Unofanira kuchiita. Nokudaro, chakadzokera nzira yose kuMusiki

wacho. Ruvara irworwo rwakanga rwuri muingi iyoyo, harwuchakwanisa kudzoka zvakare.

113 Zvino, Mwari vakaona kuti ropa renzombe nembudzi raisagona kubvisa chivi. Havana kumbogadzira, asi Vakasika mumwe mushonga muRopa raJesu Kristu. Ameni. Chivi ichocho kana chamboreururwa nenzira chaiyo; iwe—iwe hautomboisi zambuko pamukaha iwoyo, unotobvisa mukaha wacho zvachose, uye Mwari havatombozivi kuti wakambotadza. Ndizvozvo. Vakati Vakazviisa muGungwa reKanganwiro kuti vasazvirangarire zvachose zvichikupomera. Zvino varume nevakadzi vanomira muHupo hwaMwari, sevanakomana nevanasikana vaMwari, hunhu chaihwo hwaMwari wavo huri mumoyo yavo.

114 Iripi chechi nhasi, hama? Chii chakaitika kuchechi? Apo, patinoona kuti Ropa raJesu Kristu rakanyatsokanganwira zvivi, zvekuti Mwari havatomborangariri kuti takatadza. Zvadaro, "Chipi nechipi chamunokumbira muZita raNgu, Ndichachiita." Dambudziko nderei? Imhaka yekuti mumwe munhu anga achinyatsorovedzera Magwaro aya kuvanhu. Ichi ndicho chinhu choga chandinogona kufunga kuti chakaitwa, nekuti mushonga waMwari uchiri mumwe chete. Zvino, zvine njodzi kuramba mushonga wachiremba wekudzivirira chirwere, ko kuzoti Mwari!

115 Zvino ko munhu anombowana sei mushonga, zvakadaro, kuti ushande pamunhu? Munoziva here zvinoitwa nevanoshanda nezvemishonga, kana—kana masayendisti? Vanotora chirwere, voona kuti imhandoi yehutachiona huri machiri, vobva vawana imwe mhando yechepfu, mushonga wekudzivirira, nezvimwe zvakadaro, chepfu yakakwana inokakwana kukuuraya, uye nemushonga wakakwana wekuhudzivisa kuti husadaro, zvino vanoubaya mumbira kutanga. Vanopa mbira chirwere chaunacho. Uye zvadaro vanozoisa mushonga wacho mumbira, uye kana mbira ikapona ipapo, vanobva vaupa kwauri. Saka ndechimwe chinhu chaicho, munoziva; vanoupa kumbira voona kana ichigona kuutambira, uye, kana mbira ikasafa, ipapo vanozoupa kwauri. Havasi vese—havasi vanhu vese vakaitwa sembira, munoziva, saka u—unouraya vamwe uye—uye ugobatsira vamwe.

116 Asi pane chinhu chimwe chete pamusoro pemushonga wekudzivirira chirwere uyu uyo Jesu Kristu anopa, unobatsira munhu wese. Hausi mushonga unongobatsira; unopodza.

117 Makanzwa vanhu vachiti nhasi, "Chirwere chinouraya chiri panhamba 1 ndechemwoyo." Ndi—ndinopesana navo; kwete kuve ndakasiyana. Ndinongopesana nekuti ndinoziva kuti handizvo. Chinouraya chiri panhamba 1 chirwere chechivi. Ndizvo, kwete—kwete chose chirwere chemwoyo, asi chirwere chechivi.

118 Munoziva, vamwe vanhu vanoti, “Saka, zvino, Hama Branham, ndinotenda kuti mati wedzerei nenhema zvishoma. Zvino regai ndikubvunzei chimwe chinhu. Munhu anofanira kutadza; ndinotongofanira kutadza zvishoma mazuva ose.” Imhaka yekuti hauna kumbobvira wakadzivirirwa chirwere. Ndizvo zvoga. Maona? Uh-huh. Ehe. Hauna kumboedza mushonga waMwari. Ndizvozvo. Kana waizoita izvozvo, ipapo hawaizozviita.

119 Woti, “Ndinotongofanira kuputa. Chimwe chinhu chinongondiita kuti ndipute.” Edza mushonga wekudzivirira chirwere kamwe chete, wobva waona kana—kana uchishanda kana kuti kwete. Unoti, “Ini—ini handitongokwanise kurega kuita *izvi*. Ini—ini . . . ” Zvino, unongo—unongotora mushonga waMwari kamwe chete woona kuti unoita sei kwauri.

120 Mumwe mudzimai akati kwandiri nguva pfupi yapfuura. Ndakanga ndichimutsiura pamusoro pekupfeka tuhembe utwu twekare twescandal. Iye ndokuti, “Zvino, Hama Branham, regai ndikuudzei, hamuna kodzero yekutaura izvozvo. Tine kodzero yekupfeka zvikabudura kana tichida.”

121 Ndikati, “Ndinofunga kuti ndizvozvo. Asi dai mutori Mukristu, maisamboda kuzvipfeka.” Akati, mudzimai akati . . .

122 Iye ndokuti, “Saka, zvino mirai, Hama Branham.” Akati, “Munoziva, havagadzire dzimwe mhando dzehembe kunze kwehembe idzodzo dzinokwezva ruchiva, nezvimwe zvakadaro, saizvozvo.”

123 Ndikati, “Vachine machira uye vanogadzira michina yekusonesa. Hapana pembedzo.” Ndizvozvo chaizvo.

124 Imhaka yekuti havadi kutora mushonga wekudzivirira chirwere wekuzadzwa neMweya Mutsvene, hutsvene hwemusangano wemumusasa, hwechinyakare, hwakaponeswa naMwari. Ameni. Ndizvozvo.

125 Zvaimbove zvakaipa kuita zvinhu izvozvo. Zvichiri zvakaipa! Ndizvozvo. Asi dambudziko nderei, pane chimwe chinhu chakaitika. Zvaisimbova kuti—kuti vanhu vaiita saizvozvo, vaitodzingwa pakati pevanhu; iye zvino havachagoni kuunzwa pakati pevanhu kusvikira vazviita. Uye saka, munoona, zvinoenderana nekuti moyo wako uri papi, ipapo ndipo pane pfuma yako zvakare; kana kuti pane pfuma yako, ndipo pane mwoyo wako, zvakare. Unofanira kurangarira, kuti, kana uchida Ishe nemoyo wako wese, uchararama zvakachena uye zvisina kusvibiswa.

126 Mudzimai neni takaenda kusupamaketi, kuno imwe nguva yakapfuura. Takaona chinhu chinoshamisa, mudzimai akapfeka dhirezi. Chaive chinhu chinoshamisa munyika medu. Zvino Meda akati kwandiri, akati, “Bill, ndinoziva kuti, ivo, vamwe vemadzimai iwayo anoimba mumakwaya zasi kuno

mumachechi." Iye ndokuti, "Ndinovaziva." Uye akati, "Zvino, sei, chii chinovadaro?"

127 Ndakati, "Zvinoka, unoona, mudiwa," ndakati, "nokuva ndiri mumishinari, pachangu," ndakati, "ti—tiri venyika yakasiyana."

Akati, "Chii?"

Ndikati, "Tiri venyika yakasiyana, verudzi rwakasiyana."

Akati, "Hatisi vemuAmerica here?"

128 Ndikati, "Tinogara muno, asi uno hausi musha wedu. Tiri vafambi. Tiri kutsvaga Guta, Iro Muvaki neMugadziri waro ndiMwari. Ndakaenda kuFinland; ndikaona maitiro avaiita kuFinland. Ndakapinda, ndikaburuka muGermany; ndikaona nzira yavaiva nemweya wechiJerimani. Ndakaenda zasi kuSwitzerland; vaiva nemweya wekuSwitzerland. Ndikauya kuAmerica; vane mweya wemuAmerica."

Akati, "Saka, zvino, ko isu?"

129 Ndakati, "Takazvarwa kubva Kumusoro, voKudenga, kune kuchena, nehutsvene, nekururama, nekutendeseka." Hongu. Ndakati, "Naizvozvo, avo vanopupura izvozvo, havatarise pazvinhu zvenyika. Asi tinotaura zviri pachena, nehupenyu hwedu nenzira yatinorarama nayo, kuti tina Mwari, tine Humambo, tine nzvimbo kwatiri kuenda. Uye uno hausi musha wedu." Ameni.

130 Ini zvangu, ndinozvifarira izvozvo! Ndatotanga kunzwa manyukunyuku ekunamata chaiwo iko zvino. Hongu, changamire. Ndinotenda muruponeso urwu rwekare, rweMweya Mutsvene. Oo, hama, hanzvadzi, zvinoita chimwe chinhu kwauri. Mwari mumwe chete, akararama imwe nguva, achiri kurarama nhasi. Yake imwe cheteyo, dzidziso yaKe imwe cheteyo yehutsvene, inongorarama husiku huno sezvayakamborarama iri, ingori chinhu chimwe chetecho. Hongu, changamire. Cherechedzai, vanhu vakabva padzidziso yaRo, ndizvo zvoga. Hongu. Zvino, hongu, changamire.

131 Nhamba 1 yedu. . . Chirwere chemwoyo hachidaro, chacho chikuru chinouraya vanhu nhasi. Ndicho nhamba 1: chirwere chechivi. Uye chivi kusatenda. Kusatenda mune chii? Bhaibheri. Ndizvozvo. Hongu, ndicho nhamba 1: chirwere chechivi, chinouraya vanhu nhasi, zvose pamweya ne. . . Uye ichocho chichavaita kuti chivauraye panyama, hongu, nekuti vatokwanisa kuratidza kuti murume anochengeta zvigumbu, uye nevakadzi vanokakavara nekunyunyuta, nekurwa uye nekuita nharo, vanofa. Zvichakonzera kenza, fungus, zvimwe zvinhu zvose zvichatanga mukati imomo, maronda emudumbu.

132 Munoona, wakaitwa kuti uve unofara nekuva wakasununguka. Makasikirwa kuti murarame sevana pamberi paBaba venyu, uye—uye nokuziva kuti Vanoita kuti zuva nezuva,

zvinhu zvose zvikushandirei zvakanaka zuva nezuva. Hongu, changamire.

133 Vanhu vari vanongotya bedzi Kuberekwa patsva uku. Ndizvo zvoga. Vanotya kuuya kwakuri, nekuti kuchazovatwasanudza. Kuchaita kuti urege kutamba bingo, urege kutamba michina yekubheja iyi. Kuchakuita kuti urege kugara kumba Chitatu manheru, usingauye kumusangano wemunamato, kuti uone *We Love Susie* nezvimwe zvinhu zvese izvo zvekupenga izvo Hollywood inazvo, uye majee aye akasviba anotaurwa ikoko. Uye kuchaita kuti—kuchakuita kuti urege bvudzi rako richikura, rirebe. Kuchakuita kuti uite semukadzi kwaye. Kuchaita kuti murume arege kuputa fodya, ipapo vari semadhikoni muchechi. Kuchaita kuti vanhu varege kunyepa, kuba. Kuchakuitira chimwe chinhu. Kunokusuka uye kwokupa ruponeso rwekuti hapana chinhu munyika chingagona kuzvitsanangura kubva kwauri, nokuti unoziva kuti wakanga uripo pazvakaitika. Hongu, changamire.

134 Zvino, sezvandambotaura nguva yadarika, apo Mwari . . . Kana munhu awana mushonga, chinhu chavanoita, vanoongorora mushonga uyu. Zvadaro vanowana chirwere ichi, vobva vachiisa mumbira voona kana mbira ichizorarama nokuda kacho.

135 Zvino, apo Mwari vanga vari kuzodzikisa mushonga wekudzivirira chirwere uyu wandiri kutaura nezvawo manheru ano, bhasamu iyi yeGireadhi, haVana kuwana mbira. Vakauya pachezvaVo. Ameni. Nzira chete yaVaigona kuita nayo, kuuya vari muchimiro cheMwanakomana waVo, ndokuitwa nyama vakagara pakati pedu, kuti vatore rumborera rwerufu. Vakauya kuzofa. Nzira yoga yaVaigona kuti vafe . . . Havaigona kufa semweya, semunhu. Saka Vakaita mutumbi unonzi Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, uye Mwari vakagara mumutumbi uyu, vachiZviita Emanueri panyika, kuti vabvise chivi chemunhu. Ndiyo yaive kemistri iyoyo yaive muRopa iroro.

136 Mumwe munhu akati, "Aiva muJudha." Akanga asiri muJudha. Vamwe vavo akati, "Aiva Murudzi." Akanga asiri Murudzi.

137 Akanga asiri chimwe chinhu kunze kwaMwari. Bhaibheri rakataura kuti, "Takaponeswa neRopa raMwari." Ropa rinobva kumunhurume. Tinozviziva izvozvo. Chizenga cheropa chinobva kumunhurume; munhukadzi anongova zai chete. Ndizvozvo chaizvo.

138 Sezvandambotaura ipapo, senguva yepfupfunza. Vanaamai ava vekare veshiri vari kuvaka matendere kunze kuno, vachikandira mazai. Vamwe vacho vanokandira mazai akazadza dendere asingazombochechenyi, zvakare. Sei? I—inogona kukandira mazai akazara mudendere, uye inogona kuarindira uye yova yakavimbika zvikuru. Inogona kupindura mazai aya

zuva rega-rega, uye yogara ipapo kure nechikafu, kusvikira yava kunzwisa urombo zvekuti haitokwanise kubhururuka kubva mudendere. Zvisinei nekuti inoarera zvakanaka sei, uye kuti inoabata zvakanaka sei, uye kuti yakavimbika sei kwaari, haazombofa akachechenya. Sei? Haina kumbova nemukono, uye haana hupenyu, saka anongogara ipapo owora.

139 Ndiro dambudziko rine misangano yedu mizhinji. Ndiro dambudziko nemusangano wedu wemumusasa, mizhinji vacho nhasi, nemaconference edu. Chii chatinowana? Boka revaparidzi zvimbwasungata vanoita sevakadzi vanofanira . . . Handiti, zvinonyadzisa. Uye ouya ikoko nekuti ane kamukurumbira, kana kuti ane dzidzo diki, zvovasimudzira pamusoro pechimwe chinhu. Ndaizo, ini zvangu, chinhu choga chatinoda nhasi i . . . Tine dendere rizere nemazai akaora.

140 Chatinoda inguva yakanaka yekare yekuchenesa matendere, nzira yose kubva ipapo, iyo ichazvisundira kunze, kusvikira tawana varume nevakadzi vakazadzwa neMweya Mutsvene; vange vari pamwe neMurume, Jesu Kristu, uye vakazadzwa neMweya waAkabhabhatidzwa nawo. Ndizvozvo. Zvadaro tava neHupenyu mumusasa. Hongu, changamire. Mushonga unorapa, vanoUtya.

141 Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, paAkazvarwa, vamwe vavo vakati, "Saka, zvino, Akanga ari, Iye—Iye akanga ari zai raMaria." Akange asiri. Da Maria ari akatozounza zai iroro nemuchubhu kuenda muchibereko, paifanira kuva nekakutekenyedzwa, saka munoona here zvaunoisa Mwari vachiita? Akanga asitori, asiri chikamu chazvo.

142 Mwari, Musiki, vakafukidzira mhandara Maria, ndokusika zvizenga mukati memimba yake, ndokuunza Munhu aive Emanueri, Mwari pachaVo vakaitwa nyama, pakati pedu, vasina rubatsiro kubva kune mumwe munhu. Ndivo Musiki vakagadzira munhu wekutanga. Ameni. Oo, ini zvangu! Havo aVo. Hapo paVamire. Hongu, changamire. Uye ipapo Vakaita izvozvo kuti Vagone kutora mushonga wekudzivirira chirwere.

143 Chero musayendisti chaiye akanaka, chiremba akanaka anowana chirwere, vamwe vavo vanoenda kujeri vonotsvaga mumwe munhu kuti vauedze, uyo achava mujeri hupenyu kwake hwese. Kana akapona mushonga wacho wekudzivirira chirwere, handiti, ipapo chepfu haimuuraye, anogona kuenda akasununguka kana akagadzirira kutora mushonga wacho wekudzivirira chirwere. Vasungwa vanotomirira izvozvo. Oo, ndichiremba anotya mushonga wake.

144 Asi, munoziva, Mwari vakanga vasingatyi mushonga waVo iVo. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . muchidyiro, murume akamira pamahombekombe eJorodhani. Apo mushonga wekudzivirira chirwere pawakawira pasi ipapo, akauona senjiva ichiburuka kubva Kudenga, uye

Akatodzivirirwa chirwere. Zvino Inzwi rakati, "Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa waNdinofarira kugara maari." Ameni. Mwari vari mumunhu. Ndiwo mushonga wacho unodzivirira chirwere. Mwari vari mumunhu. Nyika yakaMutarisa. Muyedzo wese, Akaukunda. PavakaMusvipira kumeso kwaKe, vakadzura ndebvu vakaMusvipira, wakakunda muyedzo wacho. Munguva yekuedzwa, wakakunda muyedzo wacho. Wakashanda! Mushonga wekudzivirira chirwere waAkawana paJorodhani, wakashanda. Wakashanda munguva yemukurumbira.

145 Chii chiri kunetsa nema—machechi mazhinji nhasi, Mwari vanovaropafadza, vanobva vatanga . . . Uye ndizvo zviri kukanganisa vanhu vedu vePentekosti. Ivo, vanofanira kudzoka sezvakanga zvakaita vanasekuru vedu, nekangoma kesimbi kana tamborini, zasi pakona pane imwe nzvimbo, vachiridza tamborini; pane zvazvingava kuisa mamochari makuru aya atiri kuvaka nhasi, tichiedza kutevedzera vamwe vanhu. Chatinoda kudururwa kwakanaka kwechinyakare kweMweya Mutsvene, unokuchenesa, kusanganisira imi vafundisi vechechi yePentekosti. Ndizvozvo chaizvo.

146 Zvino, nyaya yacho yaive yekuti, Mweya Mutsvene pawakauya pana Jesu, pazuva rekubhabhatidzwa kwaKe, Akatodzivirirwa chirwere. TakaMutarisa munguva yekuyedzwa. Dhiyabhore paakaedza kuMupa humambo hwese hwenyika, chii chaAkaita? Akagara chaizvo neShoko. Ameni.

147 Zvandiri kushaya kuziva nhasi, kuti hama dzakawanda dziri kunze mumunda wekuvhangera kubvira parumutsiriro rwuno rwezuva rokupedzisira . . . Sei zvakadaro, paunowana makobiri mashoma kana kuti hembe dzekuchinja, unenge wakurisa kuenda kune imwe nzvimbo, zvakare, oo, chimwewo chinhu, uye unofanira kuva nechimwe chinhu chikuru kupfuura mumwe? Wava mujawo wemakonzo wemazuva ose. Zvinosuwisa. Mwari vanoda munhu anozvininipisa, osvika zasi uko pane imwe nzvimbo, mumwe munhu waVanogona kutaura naye. Asi wave mujaho wemakonzo chaiwo, munhu wese ari kuedza kuwana chimwe chinhu chikuru kupfuura mumwe munhu. Zviri . . . Uye, munoona, havakwanise kuramba chiremerera ichocho chemuyedzo waSatani.

148 Asi Ishe wedu akakunda muyedzo. Mushonga wekudzivirira chirwere wakashanda. Nguva payakasvika, pakave nenhaurirano pamusoro peRugwaro, Akanyatsogara neShoko. Satani akati, "Zvakanyorwa."

Iye akati, "Zvakanyorwawo zvakare." Oo, zviri . . . Girori! Mwari vari mumunhu, munoona.

149 Aiva nechii? Aiva nechimwe chinhu naYe chekutsigira shoko rose raAkataura. Akati, "Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, saka musaNditenda. Asi kana musingaNditendi, tendai—

tendai mabasa aVanoita kubudikidza neNi." Oo, ini zvangu! Hezvoka izvo.

150 Chatinoda varume nevakadzi vakadaro, nhasi, vanogona kupfiga muromo wenyika, nezviratidzo zveMweya Mutsvene. Tinoda musangano wemumusasa wakadaro. Tinoda kupidigurwa, kuzunguzwa, zvakawanda zvenyika nezvinhu zvibude muchechi, izvo zvakapinda mumazuva ano ekupedzisira. Mari iri kupararira nemunyika, nezvinhu zvikuru, zvaisa pfungwa dzevanhu pazvinhu zvikuru pachinzvimbo chepana Mwari. Kurerutsa, kurerutsa neMagwaro! Chero hama yakatanga panzira iyoyo, asi vozowana mukurumbira mune rimwe sangano, anorerutsa pane zvaaitenda.

151 Ropa iroro harimhanye mumunhu wechokwadi, akaberekwa neMweya Mutsvene. Madhimoni ese ari mugehena haagone kumukanganisa paShoko iroro. Achamira paRiri zvisinei nokuti chii. Ameni. Pauro akati, "Hapana chiripo zvino kana mune ramangwana, chinogona kuuya, kana chero chinhu, chinogona kutiparadzanisa nerudo rwaMwari." Kuberekwa chaiko kwechokwadi ikoko kweMweya Mutsvene kunouya mumunhu, iye mwanakomana waMwari. Hapana mukaha pakati pake naMwari. Ndiye mwanakomana waVo ari muHupo hwaVo. Ameni. Ndinozvifarira izvozvo. Ndinoziva kuti ichokwadi. Zvakanaka.

152 Tinoona kuti munguva yekuedzwa, nekuda kwezvinhu zvemunyika, mushonga unofanodzivirira chirwere wakashanda. Munguva yekudanwa kunzi muumburuki mutsvene kana—kana yekusekwa, vakaisa chidhende kumeso kwaKe, maziso aKe, ndokuMurova mumusoro nechimuti, vakati, "Zvino kana Uri muporofita, tiudze kuti ndiani aKurova." Iwo masoja echiRoma, akaMuona achinzvera pfungwa dzevanhu. Kunyatsomira ne . . .

153 Dai Anga akamira pano manheru ano, Aizotarisa kwese-kwese oudza mudzimai uyo chaive chisina kumira zvakanaka paari, uye kuti *ichi* ne*icho* chaiva chii. Ndiyo nzira yaAkazviita nayo. Ndiyo nzira yaAnoramba achizviita nayo, nekuti haAshanduki. Ameni. Hamufare here? NdiMwari mupenyu. Kuti munhu anogona kudonha kubva padenga rechivakwa, uye hupenyu hwobuda maari; zvino murume akanga akamira ipapo aina Mwari maari, akagona kuzviradzika pamusoro pemurume iyeye, uye akararama zvakare. Mwari vamwe chete ivavo vanorarama manheru ano. Ameni. NdiMwari vasingashanduki. Chechi inoda mushonga wekudzivirira chirwere. Ndizvozvo chaizvo.

154 Sezvakambotaurwa naDavid du Plessis, Mwari havana vazukuru. Ndizvozvo chaizvo. Apo hama dzedu dzechiPentekosti dziri kuva . . . vana vavo vanouya muchechi uye vongoti, "Zvinoka, tiri maPentekosti nokuti baba vaive vari." Kana baba vaive muPentekosti, uye vaine rubhabhatidzo rweMweya

Mutsvene, unotofanira kuRwuwana nenzira imwe chete yakaitwa nababa. Havana vazukuru. Vanongova nevanakomana nevanasikana, kwete vazukurukomana nevazukurusikana; vangori—vangori vanakomana nevanasikana bedzi. Ichokwadi.

155 Saka unofanira kuita zvimwe chete zvavakaita paZuva rePentekosti. Unofanira kuva nechiitiko chimwe chete. Unofanira kuva nechinhu chimwe chete chavaiva nacho. Mwari havashandure hurongwa hwaVo. Havashandure nzira dzaVo. Vanongoita zvimwe chetezvo nguva dzose. Maitiro aVanoita hurongwa hwaVo, zvinofanira kuenderana nahwo nguva dzese. Zvinofanira kunge zviri chinhu chimwe chete. Uye kana mukaita chinhu chimwe chete, zvibereko zvimwe chete zvichauya. Ameni. Ndizvozvo chaizvo.

156 Zvino tava kuona kuti, wakashanda panguva yekuyedzwa. Wakashanda apo zvinhu zvese pazvaive zvisiri kufamba zvakanaka. Wakashanda apo shamwari dzaKe dzese dzakaMusiya. Akaramba akabata, mushonga wekudzivirira wakashanda. Zvino dhiyabhore akafunga, "NdaMuwana zvino." Akatanga kukwira paKarivhari, Ropa richiyerera richibva mumutumbi waKe. Nguwo yake yakaMuputira, kutsatika kumwe kukuru kweRopa. Dhiyabhore anofanirwa kunge akati, "NdaMuwana zvino. Haangambova Mwari. Kwete, kwete. Haangambova iYe, kana Aizorega masoja iwayo achisvipira kumeso kwaKe, kana Aizovarega vachidzura zvanza zvendebvu kubva pachiso chaKe, kana Akavarega vachiMupikisa kuti aone chiratidzo asi haAna kuzviita. Uye zvino heunoi Achikwira chikomo, akatakura muchinjikwa uya, ndichaMuwana mumaminitsi mashoma."

157 Nyuchi iya yerufu yakadzika pasi, ichitenderera-tenderera, kuti iMurume. Munoziva, sezvinoita chero nyuchi zvayo, ine rumborera mairi. Asi, munoziva, Mwari vakanga vagadzirira nyama panguva iyoyo, yakanga iri nyama yaMwari. Apo rumborera irworwo parwakanyura muMwanakomana waMwari, muna Emanueri; payakazviburitsa, yakanga isisina rumborera pairi. Akabvisa rumborera kubva murufu chaimo. Ndosaka Pauro aigona kuti, "Rufu, rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi? Asi Mwari ngavavongwe, Vanotipa kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu."

158 Rwakagona kuruma Eria, ndokufa, rwakagona kuruma Eria rwukaramba rwuine rumborera rwaro. Asi, munoziva, kana nyuchi—kana nyuchi ikangoruma zvakadzika zvakakwana, haichazokwanisi kuruma zvakare, inodzipurwa rumborera rwayo. Saka pakanga pasina nyama yemunhu yarwaigona kurwunyudza mairi. Oo, ini zvangu! Hapana yarwaigona kunyudza mairi. Asi parwakarwuisa muna Emanueri panguva iyoyo, rwakarasikirwa nerumborera rwaro. Mwari ngavavongwe! Hongu, changamire, rwakakundika pane iyeye. Hongu, changamire.

159 Vakazoona kuti mushonga wakashanda. Vakati, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, buruka kubva pamuchinjikwa.” Muprisita mukuru, muremekedzwa mukuru wechechi, akati, “Tiudze pachena zvino. Kana Uri Mwanakomana waMwari, buruka kubva pamuchinjikwa uZviponese,” nezvimwe zvakadaro. “Ngationei kana Uri Mwanakomana waMwari.” Haana kumbovhura muromo waKe achitaura shoko.

160 Zvino tinoona kuti Akafa. Akafa zvirokwazvo. Akafa kusvikira zuva nemwedzi zvati Afa. Zvisikwa zvese zvakati Afa. Nyika yakadengenyeka, yakava nekuhuta-huta pairi. Zvino pavakaona Mwari chaivo vakasika nyika, vakanga vakarembera pamusoro penyika, uye Ropa raEmanueri richidonhera pasi. Ndosaka Akafa. Akafa kusvikira zvinhu zvose zvataura kuti Afa.

161 Zvino tichazoona kuti, Asati afa, Akati, “Paradzai temberi iyi, uye Ndichaimutsa zvakare nezuva retatu. Hamuzombokwanisi kuichengeta iri pasi. Iparadzei, uye Ndichaidzosazve pazuva rechitatu.”

162 Vakaisa murindi ipapo, kuti vaone kana mushonga wacho wekudzivirira chirwere waizoshanda. Vakauona uchishanda nemumuyedzo wechivi. Wakashanda muhurombo. Wakashanda muhupfumi. Wakashanda nemumhando dzose dzemuyedzo. Wakaramba uchishanda. Asi zvino wava murufu, uchaitei zvino?

163 Asi pamangwanani eEsta, oo, ini zvangu, zuva rave kuda kubuda, mushonga uya wakashanda. Uye, pawakadaro, rufu rwakatyora zvidziviso zvaro, guva rikavhurika, zvino Akamuka zvakare nezuva retatu ndokukwira Kumusoro. Zvinoratidza kuti mushonga wekudzivirira chirwere iwoyo mushonga weHupenyu Husingaperi. Haugoni kuuparadza. Kunyangwe dumbu regehena harigoni kuubata. Guva harigoni kuubata. Rufu harwugoni kuubata. Hapana chinogona kuubata. Unomuka zvakare.

164 Jesu Kristu akati, “Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri, uye Ndichaumutsa zvakare nezuva rekupedzisira.” Hareruya! Murume kana mukadzi akadzivirirwa chirwe neUyu, haagoni kugara muguva. Hapana guva rinogona kubata vakarurama. Hapana gehena rinogona kuuchengeta; hapana guva, hapana chimwewozve chinhu. Jesu Kristu akavimbisa kuumutsa zvakare neZuva iroro. Ameni. Oo, ndinofara kwazvo nawo, mushonga wekudzivirira chirwere iwoyo. Munoziva, mangwanani eEsta wakaratidza.

165 Munoziva kuti chaiva chii? Chaive chinhu chikuru kwazvo, kusvikira vanhu 120 vaida kudzivirirwa chirwere. Zvino, kana Achigona kuramba akachengetedza nemumuedzo, paiva nevanhu 120 vaiMuziva zvakanaka chaizvo, vaida mushonga wekudzivirira chirwere iwoyo. Saka ipapo Akatozoenda kurabhoritari kunogadzirisa mushonga wacho, saka Akati,

"Endai kumusoro uko kuguta reJerusarema kusvika Ndauwana, fomura yese yagadzirwa. NdichaUtumira zasi kwamuri." Saka vakakwira kumusoro kunomirira.

166 Mafambisiro anofanira kuitwa chechi yeChikristu, imhando ipi yemushonga wekudzivirira chirwere wainofanira kutora? Chii, chii chaizova mushonga wekufanodzivirira chirwere? Vaizoita sei? Chii chaizoitika? Vanofanira here kuenda vose kuseminari kunodzidza kuva nePh.D. neLL.D.? Ko mumwe muprisita anofanira here kuuya nemugwagwa aine kosher mumaoko ake, wobva wabuditsa rurimi nekutora chirairo, zvobva zvatoringana?

167 "Asi kwakauya ruzha rwakabva Kudenga," mushonga wekudzivirira chirwere wakanga uri munzira yawo, "semhepo inovhuvhuta nesimba, uye Ukazadza imba yose mavakanga vagere. Ndimi dzakaparadzana dzikagara pamusoro pavo, seMoto. Zvino vose vakazadzwa neMweya Mutsvene, uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, pavakapiwa napo neMweya kureva."

168 Makamboona here temberi yakare, mufananidzo wayo? Kwakanga kune gonhi diki reparutivi raibuda, vaikwira kumusoro nemasitepisi, vokwira muimba yepamusoro. Vakavhara masuwo ndokupinda mukati, nekuti vaitya.

169 Asi ndiri kukuudzai kuti, pavakadzivirirwa chirwere semhuru itsva yaiswa muchiso, vakatadza kumubata. Kwete, changamire. Akabuda muimba iyoyo, ndokupinda mumigwagwa akaenda. Akanga atodzivirirwa chirwere. Rufu, gehena, kutambudzwa, kusekwa, kuitwa dambe naye, hazvina mutsauko wazvakaita kwaari, aiva atodzivirirwa chirwere. Ameni. Oo, ini zvangu!

170 Teererai Petro amire kumusoro ikoko. Vakatanga kubvunza, "Pane imwezve here bhasamu muGireadhi? Pane imwezve here bhasamu muGireadhi? Hakuna chiremba ikoko here?" Oo, hongu, tine bhasamu yakawanda muGireadhi. Tine vanachiremba vakawanda.

171 Muzuva iroro, Chiremba Simoni Petro, ndiye akanga ari chiremba. Akati, "Ndiri kuzokunyorerai gwaro remushonga. Ndiri kuzokuudzai. Uye iri igwaro remushonga raZiyendanakuenda, nekuti richange riri renyu, nevana venyu, nevari kure. Kutaura chokwadi, ndere munhu wese achadana ipapo, achadanwa naIshe Mwari venyu, 'Ndicharipa kwaari.'"

172 Vakati, "Chii chatingaita kuti tidzivirirwe chirwere?" Ndipo pazviri ipapo. "Chii chatingaita kuti tidzivirirwe chirwere?"

173 Akati, "Ndichanyora gwaro remushonga." Akati, "Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nekuti gwaro remushonga iri nderenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari

kure, kunyangwe neavo vose vachadanwa naIshe Mwari wedu.” Oo, ini zvangu!

174 Munozivei? Kana chiremba awana mushonga wechirwere; zvino onyora gwaro remushonga, uye mumwe mutengesi wemishonga wenhema anoritora otanga kuwedzera zvishoma zve*chino* obvisa zvishoma zve*chino* kubva mauri, achazouraya murwere kana—kana kuita chimwe chinhu kwauri. Mushonga wacho hautomborina kana mushonga wakakwana mauri kuti uite chero chinhu chakanaka. Kana ukasadaro, hauna simba zvekuti hauzobatsiri murwere.

175 Uye ndiro dambudziko nevatengesi vemishonga vekuseminari vazhinji ava nhasi. Vanotora mushonga wacho, vowedzera chimwe chinhu panzvimbo paWo, uye unowana kufa kwakawanda mumamochari.

176 Gwaro remushonga iri rinoramba riri rimwe chete. VaSamaria pavakaRigamuchira, vakadzivirirwa chirwere, vakava nechinhu chimwe chete. VeMarudzi pavakaRigamuchira, vakawana gwaro remushonga rimwe chetero. Pauro akasangana neboka muna Mabasa 19, vaive nechikamu chegwaro remushonga, kwete Rose zvaro, akati, “Izvozvo hazvishande. Uri kuzouraya chinhu chacho chose.” Saka akarinyorazve, kuitira ivo, akavaudza kuti vangariwana sei. Vakariwana nenzira imwe chete.

177 Uye ndiro dambudziko nhasi. Mune bhasamu yakawanda muGireadhi, uye tine vanachiremba vakawanda, asi vanhu vanotya gwaro remushonga iri. Girori! Mwari ngavarumbidzwe. Hakuna bhasamu here muGireadhi? Hapana simba reMweya Mutsvene here? Zvino riripo here?

178 Mushonga wekudzivirira chirwere *uyu* unoshanda pane vose, munoona. Wakashanda pamaJudha. Wakashanda pamaSamaria. Wakashanda paMarudzi. Unoshanda kune munhu wese nenzira imwe chete.

179 Ndiri mumishinari. Ndinoenda kunyika iyo vanhu ikoko vasingatombozivi kuti ruoko rwerudyi nerweruboshwe nderwupi, uye vanomira ipapo. Munoziva zvavanoita kana vagamuchira Mweya Mutsvene? Chinhu chimwe chete chamunoita, chinhu chimwe chete.

180 Oo, chii ichocho? “Ndewenyu, nevana venyu, nekune avo vari kure, kunyangwe navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.” Gwaro remushonga rimwe chete iri rinoshanda zvimwe chetezvo.

181 Uye chechi ichaita zvimwe chete zvayakaita pakutanga. Ndizvozvo chaizvo. Jesu ndiye muzambiringa. Isu tiri matavi, uye kubudikidza nokudzivirirwa chirwere neHupenyu ihwohwo hwaive mumuzambiringa. Chechi yakabuda, yakatodzivirirwa chirwere, vakanyora Bhuku raMabasa shure kwavo.

182 Zvino tine zvimwe zvinotsiva. Tine michero yakadzimikirwa. Uno—unorarama kubva pahupenyu hwemuti wacho, asi haubereki zvibereko. Ndizvozvo.

183 Ndakanga ndakamira neshamwari yangu, John Sharrit, uko kuPhoenix, kuno nguva shoma yapfuura. Aiva nemuti ikoko, muti wemaranjisi, waive nemhando dzinenge 5 kana 6 dzemichero yakasiyana pauri.

Ndikati, "Handisati ndakamboona chinhu chakadaro."

Akati, "Yakadzimikirwa."

Ndikati, "Imhandoi yemuti?"

Akati, "Muranjisi."

184 Ndikati, "Nhaika, pane remani, uye pane raimi, uye pane matanjarini, nematanjero, ne—nemagirepifurutu, mhando zhinji dzakasiyana-siyana." Ndikati, "Zvino yose inokudzirwa kubva pamuti mumwe chete iwoyo?"

Vakati, "Hongu, yose michero yemucitrus."

185 Ndikati, "Zvakanaka, zvino, chinhu chinoshamisa kwazvo." Ndikati, "Zvino, gore rino, mushure mekunge muchero wese iwoyo wapera, gore rinouya uchabereka ranjisi here?"

186 Vakati, "Oo, kwete. Huh-uh. Kwete." Vakati, "Uchabereka zviri mhando yebazi racho."

187 Uye ndakati, "Zvino muti iwoyo wakashanduka kubva, muri kureva here, kubva pa—pamuti wemaranjisi kuva chii . . . "

188 Vakati, "Kwete, kwete, kwete. Kana ukazoburitsa rimwe bazi, unobereka ranjisi."

Ndikati, "Ndaona." Ameni.

189 Hama, tine zvinhu zvakaita semasangano echechi zvakapfekedzerwa mune Uyu, uye vachirarama kubva paUri, vachizvidaidza kuti Makristu. Asi kana Hupenyu chaihwo hwemuti iwoyo hukazobuditsa rimwe davi rawo pachawo, richange riri rimwe Bhuku reMabasa shure kwaro, nekuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Izvo nyika nepfuma yavo, uye hapana chavanoziva nezvazvo. Vanhu vachiverenga Bhaibheri iri, kana mukaRiverenga nemaonero emasangano, hamuzowana zvakawanda kubva kwaRiri. Asi kana ukangotarisa kune zvaRinotaura, zvino woteerera zvinotaurwa negwaro remushonga. Riverenge, Riteerere, richagadzira munhu akasiyana.

190 Ndichangobva kuIndia, kuno kasiri kare. Ndakanzwa nezvemumwe mudzimai kuno, aive arohwa nehurombo, mwanakomana wake aive aenda kuIndia kunova chiremba. Zvino akasvika ikoko uye akasiya basa rake rekurapa, ndokupinda mune rimwe, ndinotenda kuti akanga ari injiniya wemagetsi, kana chimwe chinhu. Zvino mudzimai uyu akarohwa nehurombo. Akanga asitongorina kana chinhu,

uye saka vanoita zvekubatsira vanoshaiwa vakanga vachiedza kuuya kuzomuririritira. Zvino vakachengeta nyaya yacho, zvino pavakaferefeta, vakaona kuti mudzimai uyu aive netsigiro imwe chete, uye akanga ari mwanakomana akanga akapfuma zvikuru muIndia. Uye vakati, “Saka, sei mwanakomana wenyu asingakuririritirei?”

191 Akati, “Oo, handina kutongokwanisa kumukumbira.” Akati, “Ndini amai vake,” akati, “ndingasva hangu ndagamuchira rubatsiro pane kukumbira mwanakomana wangu.”

Vakati, “Hamumbonzwi kubva kwaari here?”

192 Akati, “Oo, ndinonzwa kubva kwaari kanenge kamwe chete kana kaviri pamwedzi.” Akati, “Anonyora dzimwe dzetsamba dzinotapirisa dzamati makamboverenga.”

193 Vakati, “Zvinoka, zvinoita sekuti kana aida amai vake zvakakwana, uye aine mari yakawanda, aizoedza kuvaririritira, pachinzvimbo chekuti vaende kunopihwa rubatsiro.”

194 Akati, “Zvino, zvichida dai aiziva kuti ndizvo zvandiri,” akati, “aizodaro, aindichengeta. Asi,” akati, “munoziva, haazive, uye ndi—ndinongonzwa kunyara kutaurira mwanakomana wangu, saizvozvo.”

Nokuti, “Uye achiri kukunyorerai tsamba dzinotapira?”

195 Akati, “Oo, dzimwe dzetsamba dzinotapirisa!” Uye akati, “Anonditumira mifananidzo yakanakisisa yamati mamboona.”

Akati, “Mifananidzo yakanakisisa? Saka ngationei mimwe yacho.”

196 Akaenda muBhaibheri rake, akanoivhomora. Munoziva kuti yaivei? Macheki ekubhanga. India inoisa mifananidzo pamacheki avo ekubhanga, munoona, mifananidzo yakanaka. Aiva nezviuru zvemadhora, zvikashandurwa kubva kumari yekuIndia kuita mari yekuAmerica. Chaiva chii? Mumucheto meBhaibheri rake, aiva nezvinhu zvinokosha zvaaifunga kuti “zvaingova mifananidzo,” asi, akatozoona kuti, zvaive zvakatokosha zvemazvirokwazvo kwaari.

197 Uye, hama, paunoedza kuverenga nezvemoto wakapendwa wePentekosti, uye mumwe munhu oedza kukuudza kuti Mweya Mutsvene hausi mumwe chete nhasi sezvawaive kareko, mumwe munhu anoedza kukuudza kuti mazuva ezvishamiso akapfuura, kuti Jesu Kristu haasi mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, kuti vanoedza kukuudza, usazvitenda. Iyoyo haisi mifananidzo. Mwari Samasimba vakatumira shoko iroro kwauri, ndizvozvo chaizvo, “Ndeyenyu, nevana venyu, kune avo vari kure, kunyange vese vachazodanwa naIshe Mwari wedu.” Mwari vachiri Mwari. Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

198 Vari ipo pano, manheru ano, kuponesa vakarasika, kupodza vanorwara, kuti vazadze neMweya Mutsvene, avo vanoshuvira

kuzadzwa. Munozvitenda izvozvo, hamudaro here? Hongu, changamire. Kana muchizvitenda, zvinoka, munoona, ivimbiso dzaMwari muShoko iri pano, munogona kupinda imomo chaimo mowana vimbiso yose. Vimbiso ndeyenyu. Petro akati, "Vimbiso ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure." Musatya kutora mari iyoyo. Ndiyo mari yebhanga riri Kudenga. Ndizvozvo. Jesu Kristu mumwe chete zuro nekusingaperi!

199 Ko dai Akamira pano manheru ano uye oona mudzimai akarara apo ari kurwara? Anoita seanorwara zvikuru, akaremara, zvichida akaoma mitezo kana chimwe chinhu. Madzimai 2. . . Mudzimai, nemurume wechitema nemudzimai wechitema, achiedza kushanda nemwana mudiki, munofunga kuti Aizoitei dai Amira akatarisa varwere 2 ivavo, semupodzi? Munofunga kuti Anogona kuvapodza here? Akatozviita kare, munoona. PaAkafa paKarivhari, Akazviita. Munozvitenda here izvozvo, varwere? Munotenda here kuti ndizvozvo? Imi apo nemudzimai mudiki wechitema, apo mune mwana, munotenda here kuti Jesu Kristu, paAkafa paKarivhari, Akatenga kupodzwa kwemwana wenyu?

200 Imi muri panhowo apo, kana muri. . . Munoratidzika kurwara zvikuru. Makaoma mutezo, chero zvazviri, munotenda here kuti Jesu Kristu akafa paKarivhari, kuti akuponesei kubva pahurwere hwenyu? Munozvitenda here izvozvo? Munotenda here kuti zvandataura manheru ano, kuti ichokwadi? Munotenda here kuti gwaro remushonga iroro nderechokwadi? Munotenda?

201 Dai Aive akamira pano manheru ano, uye moMubvunza, "Muchapodza mwana wangu here?" Munoziva zvaAizotaura? "Ndakatozviita kare." Munoona, ingozvitendai. Maona? Kana waizoti, "Changamire, ndakaremara, handikwanise kufamba," kana chero zvazvingava. "Ini—ini handikwanise kufamba. Ndi—ndiri kufa," kana chimwe chinhu, "Mungandiponesawo here?" Aizoti, "Ndakatozviita kare." Maona?

202 Zvino waizoziva sei kuti raiva inzwi raKe? Nekuti Aizoita chimwe chinhu sezvaAkamboita kareko. Anogona kukuudza chimwe chinhu pamusoro pako, okuudza zvawaiva, kana kuti chii chakakanganisika newe, kana chimwe chinhu chakadaro, sezvaAkaita munguva yeBhaibheri. Zvaizoratidza kuti Aiva mumwe chete. Asi zvekupodzwa, unotofanirwa kuzvigamuchira pachako. "Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa." Munozvitenda here izvozvo?

203 Munotenda here kuti Anogona kundiudza manheru ano zviri dambudziko renyu, kana chimwe chinhu pamusoro penyu murere ipapo? Munozvigamuchira here uye monditenda kuti ndiri muporofita waKe? Muchadaro here?

204 Ko imi, amai vari padivi pavo, mune ruoko rwenyu pamwana wenyu, munozvitenda izvozvo here?. . .?. . .

205 Vangani vachazvitenda?

206 Zvino, Baba veKudenga, uyu muranda weNyu. Ndango... Ndinongove nemungava wekuparidza Shoko reNyu. Zvino, ndinoziva kuti izvi hazviwanzoitiki, asi ndinonamata kuti Muzviite manheru ano, kuitira kuti vanhu vagoziva kuti—kuti ichi iChokwadi.

207 Zvakanaka, tarisai kuno. Mwana wenyu ane imwe mhando yechirwere chemapfupa. Ndizvozvo. Ane kuzvimba kwakakura pagumbo. Ndizvozvo here? Ruoko rwenyu ngarwurambe rwuri pariri, dzokororai muti, "Ishe Jesu, podzai mwana wangu, ndichaKushumirai hupenyu hwangu hwese." Kana musati mambotora mushonga wekudzivirira chirwere uyu, Zvitendei nemoyo wenyu wese. Uye moisa tambo yakamonoredza gumbo remwana iyeye, manheru ano, moiyera. Uye mobva madzoka netambo mangwana, pamunoicheka, kuti radzikira zvakadii kubva zvino kusvika mangwana manheru. Muchazviita here?

208 Imi makarara apo, vanotevera, munotenda here kuti ndiri muranda waKe? Handisati ndambokuonai, muhupenyu hwangu. Asi makarara ipapo, makafukidzwa nemumvuri werufu. Pane mumvuri wakasviba pamusoro pemudzimai uyu. Ari kutambudzika, achifa nekenza. Ndizvozvo chaizvo. Uye munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Munogona kuzvitenda here? Zvino ko munorarirei ipapo kusvikira mafa? Chiremba haagone kupodza izvozvo. Simukai, muZita raJesu Kristu, uye motora mubhedha wenyu muende kumba.

209 Munotenda here? Vose vanoda kutenda nokugamuchira kupodzwa kwenyu, simukai netsoka dzenyu mutende Mwari.

Vabatei neruoko, hama yangu.

210 Ngatitii, "Ishe ngaVarumbidzwe," munhu wese. MunoVatenda here? Simudzai maoko enyu zvino kuna Mwari, uye muVarumbidze. Munotenda here? Hakuna here bhasamu muGireadhi? Simba raMwari rinogona kuzviita!

211 Ngatisimukei netsoka dzedu, munhu wese zvino, uine kutenda kuti tizvitende. Simukai netsoka dzenyu, munhu wese, uye mugamuchire rudzikinuro, muZita raShe. Ameni.

63-0626 Sei?
Associated Brotherhood Of Christians Campground
Hot Springs, Arkansas U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org